ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№44 (24.014) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Пресс-конференцэр

ЩытыкІэр зыхуэдэм тоПсэлъыхь

КЪБР-м и Правительствэм хэтхэмрэ республикэм и Унафэщ1хэмрэ мэлылъфыгъуэхэм я унафэщ1хэмрэ мэлылъфыгъуэхэм и 14-м журналистхэм я1ужьщ1. Щ1ыналъэм коронавирус узыфэм зэрыщ1эпэщ1этым теухуа упщ1эхэм абыхэм жэуап иратащ.

- УЗЫФЭ зэрыщ1алэхэмрэ СПИД-мрэ пэщ1этыныжьмкІэ Іэхуущ1ап1эм гъэулъыпІи 131-рэ къыщыхэдгъэпэщащ, коронавирусым ирисымащ1эхэм я1етщ1ыхьауэ. Абы мы зэманым сымащ1э 26-рэ щ1эпЫщ, 10-м я узыфэр зэрапэ къэпщытэныгъэхэм къагъэпъэгъуауэ, - жи1ащ КЪБР-м узынш1агъэр хъужьмэнымкІэ и министр **Къалэбатэ Рустам**. - Къищынэмыщ1ауэ, Налшык къалэ клиникэ сымащ1эжщ №1-ми гъуэлъыпІэ 230-рэ къыщызэдгъэпэщащ, Прохладнэ районым и сымащ1эжщ нэхъыщхьэри а Іэхуум иджыпсту худогъэхьэзыр. Коронавирусым ирисымащ1эжэм хухахащ Налшык къалэ клиникэ сымащ1эжщ №2-ми Республикэ клиникэ сымащ1эжщэм я кІыдагъэ щхьэхуэхэр. «Валео Вита» медицинэ центрым гъуэлъыпІэ 30 игъэхьэзыращ. ИВЛ ІэмэпсымэхэмкІэ реанимацэхэр кІыэзэдгъэпэщащ, резерву 52-рэ дИэщ, федеральнэ захъшэкІэ иджыри 5, республикэм и бюджетым кІыхэкІыуи апхуэдизу дыдэ къэтщэхунущ, квотэкІэ 27-рэ къыт-Іэрыхьэну дыщогугъ.

Министрым жи1ащ КЪБР-м и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэм тету, узыфэ зэрыщ1алэхэм пщ1эт медицинэ лъэныкІуэхэм, ягъэзащІэ къалэнхэм елъытауэ, сом мин 50, 30, 25-рэ дэІэпыкъунигъэу зэрыратар, апхуэдэуи, зэман гъунэгъум федеральнэ норматив дэфтэрхэр къаІэрыхьэмэ, УФ-м Узынш1агъэр хъумэнымкІэ и министерствэм а Іэхуум епхауэ дохутырхэм зэрызащ1игъэкъуэну захъшэр республикэм щылажьэхэми щратынущ.

Къалэбатэм къыкигъэщ1ащ сымащ1эжхэм къыІэх тестхэм къыщынэмыщ1ауэ, компьютеркІэ томографие ящІа нэужь, дохутырхэм коронавирусым хуагъэфащэ щытыкІэхэр къызэралъагъуу сымащ1эжм асыхьэту еІэзэн зэрыщ1адзэр.

Журналистхэр щІэупщ1ащ коронавирус узыфэр яІэрэ ямыІэрэ къэзыщ1ну хуейхэм тестхэр зэрат хъуну щ1ыкІэм.

- Апхуэдэ Іэмал щыдгъэтынур мы Іэхум уней медицинэ Іэхуущ1ап1эхэри къыхихьэмэщ. Мы зэманым ар кІыщ1пщытэр дохутырым сымащ1эм хуитха иужьщ. Иджыпсту дэтхэнэми апхуэдэ Іэмал еттмэ, сымащ1эм и дежь дынэсыху, кІыхьлІыхь хъунущ, - къыхигъэщ1ащ Роспотребнадзорым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**. - Мы зэманым республикэм сымащ1эжу 50 дИэщ, я ныбжькІэ зэхуэсымыдзэ: зи ныбжьыр илъэс 65-м щхьэдэхахэр цІыху 19 мэхъу, илъэситІым нэсу - 4, илъэси 3-м къыщыщІэдзауэ 6 пщІондэ - цІыхуи 3, илъэси 7 - 14 хъуу - 5, илъэс 15 - 17-хэм къриубыдэу - 5, илъэс 18-м къыщыщІэдзауэ 65-м нэсу - 15. Зэрыфлъагъущи, узыфэм сыт хуэдэ ныбжьым игъэ1ыгъэхэным хухахахъшэм къыхэкІыу зи узынш1агъэм сэкъат и1эу курыт еджап1эжм щеджэ, унагъуэ хуэмыщ1ахэмрэ бынунагъэушхуэхэмрэ щыщхэм иратыну. Абы жи1ащ къалэм дэт школхэм, сабий гъэсап1эхэм, автобус хуэмыщ1эп1эхэм, цІыхухэр кьеэзышэкІ транспортхэм, общежитхэм я къабзагъэм зэрыщыщ1эльэпльри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщ1алэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыпЛъынымкІэ и оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщ1алэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыпЛъынымкІэ и оперативнэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ къыщтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) оперативнэ штабым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*;

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щ1эныгъэмрэ щ1алэргъуалэм я Іуэхущхьэм и министрым и къалэнхэр зыгъэзащ1эр

Мэремкъул А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкІэ щ1ыІэ къэрал инспекцэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*;

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ)*;

б) оперативнэ штабым къыхэгъэкІыжьын Биту А. Хь.

2.Мы унафэм къару егъуэт Іэ щ1ыщ1эздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м
№41-РГ

● Пенсэ фондым

Унагъуэ мылъкур къызэрагъэсэбэпыфынур

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указ №249-м ипкъ иткІэ, анэ мылъку зи1э унагъуэхэм мы маазэм щ1ыщ1эдзауэ мэкъуауэгъэуэри (июнь) хиубыдэу сом мин тхурытху къратынущ я сабийр илъэсищ хуэхукІэ.

КЪБР-м и Пенсэ фондым и пресс-Іуэхущ1ап1эм хъыбар къызэрыдигъэщ1амкІэ, мы гъэм и бадзэуэгъуэм (июльм) и 1 пщІондэ апхуэдэ хуитныгъэ зи1эхэм ахъшэр хуха-хынущ, абы ирихьэлІу анэ мылъкур яухауэ щытми. А финанс дэІэпыкъуныгъэм къикІыркъым анэ мылъкым ар къыхахыу е игъэмащ1эу. МазищкІэ ятыну ахъшэр къызыэхэнынур федеральнэ бюджетыращ икІи коронавирус уз зэрыщ1алэм пэщ1этыным хузунэтІащ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и унафэщІ Топилин Максим зэрыжи1амкІэ, ПФР-м и щ1ыналъэ къудамэхэм Іэмал зэралэкІэ а хъыбарыр зи сэбэп хэлъхэм Іэрагъэхьэнущ.

- Илъэсищ мыхъуа сабийхэм папщІэ ахъшэр унагъуэ мелуани 2,3-м я1эрыхьэнущ, - къыхигъэщ1ащ абы. - Ар нэхъ псынщ1эу икІи тиншу зэрызэфІагъэкІынум Пенсэ фондым и щ1ыналъэ къудамэхэр телэжьэнущ.

Сом мин тхурытхур зратыну унагъуэхэм а Іуэхур ирызэфІагъэкІыну итлъэ ныкъуэ ПІалъэу ират. Пенсэ фондым Іэлъу тхыльхэр фокІадэм (сентябрым) и 1 пщІондэ щ1ыхьынущ.

Ахъшэр кьаІэрыхьэн папщІэ лъэІу тхыльыр es.pfrf.ru Пенсэ фондым и сайтым е gosuslugi.ru къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я сайтым зрагъэхьан хуейщ. НэгъуэщІ документ лей зыри дыщІыгъужьпхъэкъым - ПФР-м адрей псори езым зэфІигъэкІынущ.

ЛЪэІу тхыльхэр щ1ыІах Пенсэ фондым и щ1ыналъэ къудамэхэми.

Коронавирус уз зэрыщ1алэм зрамыгъэубгъун икІи цІыхухэр щ1ахъумэн папщІэ, ялажьхэм япкъ иткІэ ПФР-м укІуэн и пэ зегъэтхьипхъэщ. «Контакты региона» Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ ар зэрызэфІэбгъэкІ хуну телефон номерхэр. Къапщтэмэ, Пенсэ фондым и Налшык къалэ управленэм укІуэн папщІэ зебгъэтх хуунущ мы телефон номерымкІэ: **8 (8662) 72-24-34.**

ТЕМЫР Дисанэ.

● Щ1ыкъуэхьащ адыгэр дунеижьым

Псори дегъэпІейтей

Махуи 100-м щІигъуащ «къызыхэкІыр къахуэмыщІэ пневмониер» (COVID-19-р) Китайм къызэрыщ1ыхьейрэ. Абы пЫандэрэ вирус гущІэгъунщэм дуней псор зэщІиІэлащ. ПІалъэ кІэщІым къриубыдэу коронавирусым зэхъуэкІыныгъэ кузэ къщ1ихьащ дуней псом. НобзкІэ COVID-19-р къызэуэлІа сымаджэхэм я бжьыгъэ мелуанитІым нэблагъащ, цІыху мини 120-м щІигъу илІыкІащ.

Дэтхэнэ къэралми иджыпсту щ1ынэхъыщхьэр а уз зэрыщ1алэм земыгъэубгъунырщ, абы къыхэкІыу псом я1эу сабийхэр, школакІуэхэр, студентхэр я1утІыщащ. Ныбжьыщ1э меладр 1,4-рэ егъэджэныгъэ Іуэхум пэІэщІэ щ1ыхьащ дунейм, цІыху кузэ дыдэ хэхъуэнщэу къэнащ, яныныкъуэ къэралхэм я узынш1агъэр щ1ахъумэ Іэнатіэм, дунейпсо экономикэм я лъэр щІиудащ, цІыху цІыкІум я гущІэм зригъэхъуэжащ. Иджыкі1э зэрымыщ1элэн папщІэ къэралхэм щагъэува жьпхъэхэр нэхъ ткІий ящІ, иныкъуэхэм я1эмащІэ, зи Іуэху нэхъыфІхэм хузм-хуэмурэ трахыж.

Дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэр щ1ыщ - цІыху нэхъыбэ кърагъэлыфын папщІэ эпидемием и зыубгъукІэр нэхъ тІасхъэ щ1ыныр щ. Абы папщІэ щ1ыпІэ псоми къыщагъэсэбэп Іэмалхэм я нэхъыбэр зэщ1хьщ, щхьэж и Іуэху зыІутым теухуауэ хэкІыпІэщІэхэри къагупсыс.

Ау къумыгъэ къанэркъым, псори зэхъуэкІуэу уз бзаджэм текІуэну зэрыхуейм. ЛЪэпкъ, къэрал, дунейпсо зэхъуэныныгъэрщ пандемием укъезыгъэлыфыр. Ар жаІэ дохутырхэми, щ1эныгъэлІхэми, политикхэми, журналистхэми.

Дэтхэнэ къэралри бэлыхь хэзыдза коронавирусыр зыулъэмыІэсрэ имыгъэгуэвэрэ дунейм тету къыщ1экІынкъым. Хамэ къэрал куздым щ1ыхьха адыгэхэри пэщІэтщ вирусым, псори дызэрыт щ1ытыкІэр гуГъущ икІи шынагъуэщ, арщхьэкІэ щхьэж щ1ыпсэу къэралым, хэгъэгум елъытауэ и Іуэхур нэхъ тынщ е нэхъ хьэлъущ. Тыркум, Нидерландэм, Германием, Израильм, Канадэм, Америкэ Штат Зэгуэтхэм, Иорданием, Чехием, Франджым, Инджыльэым щ1ыпсэу ди нэхъыжьыфхэмрэ ди ныбжьэгъуэхэмрэ мы махуэхэм Интернетк1э дащ1эупщ1ащ, къэрал щ1ыпсэу зыІутымкІэ къыддэгъэшащ.

КЪУЩХЬэ Догъэн
(Тырку, Истамбул).

- Тыркум иджыри къэс коронавирус уз зэрыщ1алэр пІкърыту гурыщ1ъуэ хуащ1у щ1ыхь мин 443-м тест ирагъэтащ. Абыхэм ящыщу мин 65-р сымаджэу кьахутащ. ЦІыху 1403-рэ иІыІкІащ вирусым. Щ1ыхь 2020-р хъужри, сымаджэщым къыщ1атхыкІыжащ.

Хуабжьу ди жагъуэ хъуащ сымаджэщым медсестрауэ щ1алажьэ адыгэ хъыджэбэ щ1ыкІу уэзыр кьеуалІэу зэрилыкІар. А пщащэм фІэкІа ди лъэпкъ дыщІэсым хуейуэ аращ. Сэри кІыхьузоджэ псори абы тетыну. Мы махуэхэм, унэм щІэсхэм я зэш тезгъэун мурадкІэ, пшынэ мазкъэ щІэту уэрэд жысІэу Интернетым къыслъхьати, дэни щ1ызэбгрыкІащ, къыщІэупщІэр куэд хъуащ. Абы къыхэкІыу иджы пщ1ыхьщхьитІ-щ1ым зы уэрэджьэ яхузоутІыпщ, я гум жьы дезгъэхуну, я гукъыдэжьр зэсІэтыну. Ар дяпэкІи езгъэкІыжынущ, хэкум зэрыпэсэри си гуапэ хъуащ. Адыгэхэм зыгуэркІэ сахуэщхьэпэмэ, гуапэ лей сщ1ыхьнущ!

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Нобэрэ пщ1эдейрэ

Мэлыжьыхьым и 16, *махуэку*

♦Мафхым и дунейпсо мафхуэщ
Циркым и дунейпсо мафхуэщ
Армением и полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ. 2001 гъэм а къэралым къыщащтащ «Полицэм и Іуэхущ1ап1э» законыр.

♦Болгарием щагъэлъап1э я я1эпэ Конституцэмрэ юристымрэ я махуэхэр. Я конституцэр 1879 гъэм къэралым и Я1эпэ цІыхубз зэхуэсышхуэм къыщащтауэ щ1ытащ.

♦1722 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкІащ тенджызым тетыным хуегъэджэным теухуа еджап1эхэр, езы къэралым и цІыхухэм фІэкІа щІамыгъэтІысхьэу, къызэІухыным теухуауэ.

♦1905 гъэм Урысейм и я1эпэ профсоюзыр - печатым и лэжьакІуэхэм ейр - къызэрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм цІыхубз милицэм и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦1934 гъэм СССР-м и Гъэзэщ1акІуэ комитет нэхъыбэ зыщІэ и унафэкІэ я1ыгъуащ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъап1эр. Ар я1эпэ дыдэу, 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м, зыфІащар «Челюскин» кхъужьым исахэр мыльмыкъэтезыхьжа кхъужьлъатэзехуэхэу Пепдевский Анатолий, Леваневский Сигизмунд, Молоков Василий, Каманин Николай, Слепнёв Маврикий, Водопьянов Михаил, Доронин Иван сымэщ.

♦1945 гъэм советыдзэхэр Германием и къалащхьэ Берлин ебгъэрыкІуэу хуежьащ.

♦1955 гъэм «Нева» журналым и я1эпэ номерыр къыдэкІащ.

♦2006 гъэм Иркутскэ областымрэ Усть-Ордынскэ Бурятскэ автономнэ округымрэ референдум щеІуэкІащ ахэр зэгуэгъэхьэным теухуауэ. Щ1ыналъэхэм щ1ыпсэухэм я процент 90-р и телъхьэ хуащ1у УФ-м субъектыщІэ - Иркутскэ область - къыщ1ыунэхуным.

♦Инджылызымрэ Америкэмрэ я актёр, сценарист, композитор, режиссёр **Чаплин Чарли** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, СССР-м и цІыхубз артист **Самойлов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Актёр, кинорежиссёр цІэрыІуэ, сценарийхэр зытх, РСФСР-м и цІыхубз артист **Никоненко Сергей** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

Дунейм и щ1ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщ1тынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэзух къыщ1ешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 5 - 6 щ1ыхьнущ.

Мэлыжьыхьым и 17, *мэрем*

♦Гемофилием (лъыр пщ1эным пыщІа узыфэщ) и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и органхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэщ. 2011 гъэ лъандэрэ я1эпэ.

♦Сирием и щхьэхуитныгъэм и махуэщ (1946 гъэм я1эуваш)

♦Японием щагъэлъап1э сабийхэр хъумэным и махуэр

♦1492 гъэм Испаниием и пащтыхь Фердинанд, абы и щхьэгъусэ Изабеллэ, Колумб Христофор сымэ Іэ традзащ иужьрейр зекІуэ ежьэным ахъшэ хухэхьным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Колумб Индием кІуэнырт ар зытеухуар.

♦1877 гъэм Толстой Лев «Анна Каренина» роман щ1эрыІуэр тхын иухащ.

♦1992 гъэм Урысейм официальнэу игъэтащ «Урысей Федерацэ», «Урысей» цІэхэр.

♦2005 гъэм Урысейм щ1ыкІэкІащ Красноярскэ крайр, Таймырыр, Эвенкиер зэгуэгъэхьэным теуха референдум. Абы хэтхэм я процент 92,44-м къагъэлъэгъащ щ1ыналъэхэр зы хъуным зэрителъхьэр.

♦Актёр, СССР-м и цІыхубз артист **Щукин Борис** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу. Абы и цІэр 1939 гъэм Театр училищэм фІащащ. А училищэр къахащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дзэгуакІуэ куэдым.

♦Совет къэрал къулыкъущІэ, 1953 - 1964 гъэхэм СССР-м и унафэщІу щыта, Совет Союзым и ЛІы-хъужь, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь **Хрущёв Никитэ** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м щ1ыхь зи1э и машинэхуэр **Ахъуэхъу Анатолий** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦«Краснодарпроектстрой» Іуэхущ1ап1эм и унафэщІ, УФ-м щ1ыхь зи1э и ухуакІуэ **Тутэрыщ Батырбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урэджьы1акІуэ, Урысейм и цІыхубз артисткэ **Валерие** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Перфиловэ Алл1эщ**) и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу

♦Къэрал лэжьакІуэ, юридическэ щ1эныгъэхэм я доктор, КЪБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щ1эныгъэмкІэ щ1ыхь зи1э и лэжьакІуэ **Дол Анжелэ** кІы-щ1ыхьуэ махуэщ.

Дунейм и щ1ытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщ1тынущ, уэзух къыщ1ешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 12, жэщым градуси 4 - 6 щ1ыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Тхылъыщ1э

«Пшэм хэт унэ»

Ар и фІэщыгъэу «Эльбрус» тхылъ тедзап1эм иджы дыдэ къыщ1дэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Щ1ерджэс республикэхэм я цІыхубэ усакІуэ, КЪБР-м литературэмкІэ и къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан и тхылъ купщІафІэр икІи гъэщІэгъуэныр.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, тхылъ куэд нэхъапэІуэкІэ Ацкъан Руслан Москваи Налшык къыщыдигъэкІащ. Ахэр «Пшэ хужьхэр» (1972), «Удз толъкъун» (1977), «Гъэрэ щІыпз» (1979), «Щ1эсыпІэ» (1983), «Си махуэуэ си хуарэ» (1987), «НатІэм къритха» (1997), «ЩхьэгъэзэзыпІэ» (2003), «Къэгъэзэжьгуэ» (2009), «Сонетхэр» тхылъ тельыджэхэр, нэгъуэщІхэри. Къищынэмыщ1ауэ, Лермонтов Михаил адыгэхэм триухуа поэмибгъуэ Ацкъаныр екІуу адыгэбзэм къыригъэзэгъащ. Ахэр щэнейрэ дунейм къытехьащ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и «Черкесиа» серием хы-хьэуи.

«Пшэм хэт унэ» тхылъым щ1ызэхъуэхэсащ нэгъабэ илъэс 70 ирикъуа тхахІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа усэ нэхъыбэ-фІхэр, поэмэхэр, сонетхэр, новеллэхэр. Мы къэдэкІыгъэм псом хуэмыдэу увыпІэ хэха щеубыд Ацкъаныр илъэс кузэкІэ зэлэжьа философие сонет 310-м.

Литературэм и сыт хуэдэ жанр хэлъжьыхьми, Руслан лъэпкъым и блэкІам, и нобэм дыхеІэплъэ, ГузджэМ къищым хуэдэу, цІыхухэр дахэхэм, гуапагъэм, фІым дыкъыхуреджэ, мыхъумыщ1агъэмрэ щІэпхъаджагъэмрэ Іэщ1ыб тщІыну дыхуегъэуш. И усэхэми, новеллэхэми философие гупсысэ куу ящІэлъщ, гъащІэм и купщІэм и жэуапыр къащІлъыхьэуэ. КІэщІу жьпІэмэ, усакІуэм фІыуэ кьохьулІэ литературэм и къалэн нэхъыщхьэр игъэзащІэныр.

Коронавирус уз зэрыщ1алэм цІыхухэр унэм щыщІиубыда зэман мытыншым ирихьэлІэу Ацкъан Руслан и Іэдакъэщ1экІэр щ1ызэхъуэхьэса тхылъыщІэр дунейм къызэрытехьар гуапэщ. Щ1эч къытетхъэркъым усакІуэм и тхыгъэхэм дихьэхэм къыдэкІыгъуэр псэхъльхъэж зэрахуэхъуэм икІи зэрахуэщхьэпэнум.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Лэжьэнухэр ягъэбелджылы

Коронавирус уз зэрыщ1алІэм земыгъэубгъунымрэ пэщ1этынымрэ я1ыгъ иткІэ, мэлыжьыхьым и 30 пщІондэ Урысей Федерацэм щагъэува щытыкІэм езэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ынальэм щ1ыпсэну хуитхэмрэ зи Іуэхущ1афэхэр къызэтрагъэувыІэхэмрэ КЪБР-м и Правительствэм щагъэбелджылащ.

ЗИ ЛЭЖЬЫГЪЭМ пызыщ1ану Іэнатіэхэм я бжьыгъэ щэ нэхъуэм щІегъу. Абыхэм яхэтщ зэпыу имыІэу лажьэхэр, цІыхухэр ерыскъыкІэ къызэзыгъэпэщ1хэр, финансыр, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыІэкІэр. Я Іуэхущ1афэхэм пащэ адвокатхэмрэ юристхэмри.

Лэжьэнухэм, дауи, ящыщщ узынш1агъэм и хъумакІуэхэр - ахэращ иджыпсту гугъуэхь нэхъыбэ зышэчхэр. УхуэнысІэ, зэгъэпэщ1ыжьныгъэ лэжьыгъэхэм щ1ыпсэтеувыІэнукъым. Егъэджэныгъэр иджыпстукІэ зэпэщ1ахуэу щагъэхьІукІэ университетхэм, колледжэхэм, школхэм.

Зи лэжьыгъэр къызэтрагъэувыІахэм ящыщщ дахагъэм щы-кІэльыплъхэм, щхьэщ1эщап1эхэм къищынэмыщ1ауэ, промышленнэ хъэпшып щап1эхэр, нэгъуэщІхэри.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Пщ1э зыхуэтщ1 цІыхухэ, коронавирусым теухуауэ упщ1э фиІэмэ, фыпсалъэ хъунущ «линие пщтырым» и мыпхуэдэ номерхэмкІэ:

Роспотребнадзорым чэнджэщ щит зыуэ щыт и центр: **8 (800) 555-49-43** - жэщми махуэми мэлажьэ («линие пщтырым» и телефонхэр, щ1бэтымрэ тхьэмахуэмрэ къищынэмыщ1ауэ, махуэ къэс мэлажьэ сыхьэти 10.00-м къыщыщ1эдзауэ 18.00 хъуху)

Роспотребнадзорым и къудамэу КЪБР-м щ1ыІэр: **42-26-78, 42-19-83, 42-76-14, 42-15-56**

КЪБР-м Узынш1агъэр хъумэнымкІэ и министерствэ: **40-15-65**

КЪБР-м Социальнэ страхованэмкІэ и фонд: **48-00-72**

Росздравнадзор: **8(800)550-99-03** (аптекэхэм медицинэ нэкІыІупхъуэхэм я уасэр хагъэхъуамэ)

Щ1ыналъэм щ1ыпсэухэм я Іуэхущ1ап1эмкІэ

Щ1ыналъэм щ1ыпсэухэм я Іуэхущ1ап1эмкІэ и оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщ1алэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыпЛъынымкІэ и оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщ1алэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыпЛъынымкІэ и оперативнэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ къыщтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) оперативнэ штабым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*;

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щ1эныгъэмрэ щ1алэргъуалэм я Іуэхущхьэм и министрым и къалэнхэр зыгъэзащ1эр

Мэремкъул А. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкІэ щ1ыІэ къэрал инспекцэм и унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*;

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуауэ)*;

б) оперативнэ штабым къыхэгъэкІыжьын Биту А. Хь.

2.Мы унафэм къару егъуэт Іэ щ1ыщ1эздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м
№41-РГ

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

ЗыщІэр мажэ, зымыщІэр мэжей.

Псори дегъэлейтей

(КІэухыр. Пэщідзэр 1-нэ нап.)

ХЬЭТКЪУЭ Фатхьи (Нидерландхэр, Амстердам):

- Дунейм хъыщІкІуэкІ уз зэрыщІалэм иубыд, къэралхэм я бжыгъэм мазуэ къэкІыжхъуэ, сымаджэхэри нэхъыбэ хьу зэпытщ. Нидерландхэм епщыкІуэзанэ увыпІэр яІыгъщ. Ди къэралым щызэрыщІэлажьэ я бжыгъэр мин 28-м нэблагъащ. ЛІэныгъэ щымыІэн, щІыхь гъащІэр яхъумэн папщІэ къэрал унафэщІхэм яльэкІ къащхьэнэркъым. ЦІыхухэр зыштын ухуей жыпхъэхэр телевизоркІэ кІат, зэрызытхьумэжьипхъэм дыщагъэгъуэзэ. Си щхьэкІэ си фІэщ мэхъу цІыхухэр Іуву зэхуэмысмэ, зэрыщІалэ зэрыщымыІэнур. АбыкІэ икъукІэ ІэмалырІщ унэм ущІэсыныр. Сэ си унэ сисыжщ, тхьэмахуэм зэ сыщІэкІыу аращ. Си ныбжьэгъуэм, щхьгъэхэм ящыщу сымаджэ хъуа зэхэсхакъым, псори зэрызыкІэлъыплъыжьым иужь итщ.

Мэлыжьхьым и 4-м хэкум сынэкІуэжьну билетхэр къэсщхуауэ къежьащ мы емынэр. Си мурадкэр кьызэпиудащ. Тхьэм жиІэмэ, гъэмахуэкІэм сынэкІуэжьнущ, си адэжь лъахэм зыщысплъыхьыну. Ильэсым зэ-тІзу Налшык, Мейкъуапэ ззэмыгъэльагъуэ хъурщхьи. Коронавирусым ягъэкІэ мызыгъэгъуэкІэ кьызэхъуІлакъым. Тхьэм жиІэмэ, ари кІуэдыжьищ, ди гъэгъуэхэр хуиту зэІуахыжьынщ.

* * *



КЪУМЫКЪУ Уэхьбий (Германие, Берлин):

- Китайм къыщежьа мы уз зэрыщІалэр, адрей къэралхэми хуэдзу, ятэщІыкІэ щІагъуэ дыдзу кърамыдзэу щІатащ. Ауэ Германиеми къыщысым, тхьэмахуиц ипэ унафэ ящІри, псом ятэу университетхэр, школхэр, сабий къэсапІэхэр яутІыпщащ. ШхапІэ, щхьэщІыщапІэ хуэдэхэри зэхуащІауэ, Іэмал имыІэу пэжьэн хуейхэр я ІэнатІэхэм пэрытщ.

Сэ университетым щезгъаджэри, ятэщІыкІэ концерт щекІуэкІ пэшыр зэхуащІащ, итІанэ цІыху 50 нэхъыбэ зыщІэс семинархэр трахащ, иужькІэ студент тІощІ нэхъыбэ къыщІэмыхьэу ящІащ, иужьым зэхуащІыпащ. Иджыпсту псори онлайн лэжьакІэм дыпету аращ. Сипхъу Жанеи и щІэныгъэр щыхигъахьэу университетыр апхуэдэщи, унэм щІэсу йоджэ.

Адрей къэралхэми хуэдзу, карантиным нэхъ дыкъриГъэлыну щагъэуващ Германиеми, унэм дыщІэсыныр унафэу тхуащІащи, абы дытетщ. Пэжщ, къэлэхэм, жьлэхэм щыщыІэ щытыкІэм еГьытауэ, хабзэ щхьэхуэзэр щыІэщ. Иджыпсту Мюнхенкі Іэхур щынэхъ хьэлъэщ, сымаджэхэми, коронавирусым илІыкІэми я бжьГъэр щынэхьыбэщ. Берлин тІэкІу щынэхъ мащІэщи, паркым къыщысыкІухьэхри, щэхуакІуэ кІуэхэри уольагъу. Хьэуа къабзэкІэ дыбэуэн, ди лъакъуэм лъы илъэдэн папщІэ, махуэм зэ дыщІокІ, цІыху зытухыуэрэ узэхэмыувэмэ, хабзэм и хьумакІуэхэми зыри къыбжьаІэнукъым. НэкІуІупхъуэ зыІуІэн, зыІуМыльи уэрамым дэтщ.

Къапщтэмэ, нэмыщІи и узынщагъэр хъумэныкІэ и ІэнатІэр хуабжьу лъэрыхьащи, пэльэщыфыну согугъэ пандемиемэ. ЗэрыщІалІэ щыІэми, узым зыІэщІилъхьа яхэтми, фыбы дыщогуГъ, зэкІэ апхуэдэ гужьеиГуэ дыхэхуакъым. Уеблэмэ гугъэ щыІэщ, дызыхуэкІуэ тхьэмахуэм жыпхъэхэм ящыщ зыкъом Іуахыжьну, Іуэхущапіэхэм лэжьэн щІрагъэдзэжьну. ЗэкІэ хьэрычэтыщІэ Іуэху мащІэхэмрэ курытымрэ къызэтрагъэувыІащ, ауэ абыхэм къэралым хьарзынэу защІегъакъуэ. Ди щІалэм фитнесклуб егъэлажьэри, Іуэхум нэхъ хызощІыкІ. ЦІыхухитхэм нэс зыгъэлажьэ хьэрычэтыщІэхэм мазэ къэс ебрэ мини 9 ират, цІыхуипщІым нэс зыгъэлажьэхэм - ебрэ мини 10. Іуэхущапіэ нэхъ ин зиІэхэм процент темыхьэу кредит ират.

Мы махуэхэм, фэ фызэрыщыгъуазэщи, нэмыщэхэм ІутІыжьым ешхьэІа махуэшхуэхэр ягъэлъапІэ, псори къэауТІыпщащ, дэсхэщ. Иджы хуэдэращ гъэ къэс Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалыр щызэхэтшэр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар мы гъэм екІуэкІынукъым.

Іуэхур гугъуми, нэхъыфІым дыщыгугъынращ кьытхуэнэжьыр. Дэ ди цІыхугъэу, ди ныбжьэгъуу, ди Іэгъэблагъэм щыпсэхэм ящыщу зэкІэ зы адыги сымаджэ хъуауэ зэхэтхакъыми, абы дрогуфІэ. ХэкумкІэ щыІэ хъыбархэми дакІэлъполъ. Псори Тхьэм дыкъихъумэ!

* * *

НЭПСО Закарие (Израиль, Кфар-Камэ):

- Кфар-Камэ дэсхэми, Израилым адыгэу исми къабгъэдэкІыу Хэкужьым исхэм сэлам гуапэ яэох, сащІопущІэ. Зэман гугъущ иджыпсту дызыхэпсэукІыр, псоми зытхъумэжыныр, ди щхьэ, ди унагъуэ дыхуэзакъэжьныр ди фарэщ. Тхьэм и фІыщІэкІэ Израиилым иц адыгэхэм зэкІэ къыджьэхуэакъым уэ Іейр.

Журт къэралыгъуэм и Іэнатіэхэм я процент 30-ращ иджыпсту лажьэр, адрейхэр псори яутІыпщауэ унэм щІагъэсщ, зэрымыцІэлэн папщІэ. ЦІыху Іув щыІэхэус Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІыр-кІыжьыну, еджапІэхэр зэхуащІащ, Іэмал имыІэу лажьэн хуей Іуэхущапіэхэращ зи бжэр зэІухар.

Дызэрыс къэралым и унафэщІхэм жаІэр къызыхуэтыншэу догъэзащІэ. Коронавирусым зимыубгъун папщІэ щІапхъэу дохутырхэм къагъэувхэм дытетщ.

Кфар-Камэ жьылэм дэс псоми ди нэІэ ятетщ жьсІэмэ, пщы супсынкъым. Дэтхэнэ зыри хабзэм тету щІащ, Іэмал имыІэу лажьэн хуей Іуэхущапіэхэращ зэхуедж. Іэмал имыІэу лажьэн хуей щыІэщ. Сэри компьютеркІэ унэм сыщылажьэу аращ. ЗэкІэ шхынкІэ, мыльукІэ гузавэ щыІэкъым, къэралыр дэІэпыкъуэгъу мэхъу, вирусращ цІыху цІыкІур зытекІуадэр.

ЗэрагъэхъыбарымкІэ, нахьыгъэм и пэщІэдзэм, икуэкъэм Іуэхур нэхъыфІ хъужьащ жаІэ, Дэнэ щыпІи щекІуэкІ мы мыхьумыщІэр щІэх тщхьэщыкІыну, ди лъэпкъэгъуэхэр дуней мамыр щыпсэуну ящІ Аллыхьым сызэрельэІур.

* * *

СТІАЩ Орфан (Канадэ, Ватерлоо):

- Вирусыр Канадэм къызэрысрэ тхьэмахуиплІ мэхъу. Ди къэралми занщІэу еджапІэхэмрэ лэжьапІэхэмрэ щыІэхуащІащ. ЦІыху зэхьыхэ щыІэкъым, зрихьэлІэжри зэпэІэщІэу фІэкІа зэпсалъэрхъым. ШколакІуэхэм я ГъатхэІ зыгъэпсэхугъуэр иуха нэужь, онлайн еджэныгъэм техьащ, университетхэри абы хуэкІуащ, илъэсым и кІэ хьуху апхуэдэу еджэнурэ, экзаменхэри онлайну ятынущ.

НобжкІэ къапщтэмэ, Канадэм щыпсэу цІыху мин 20-м нэблагъэм COVID-19-р апкърыту къалытащ, абыхэм ящыщу нэрыбгэ 600 дунейм екъжащ.

Сэ сызэрыщыгъуазэмкІэ, уз къызэпкърыхьахэми илІыкІахэми зэкІэ адыгэ ятхъумэн, Тхьэм и шыкур кІэ. Алыхьым дыщыгугъынщ хэщІыныгъэншэу гугъуеХьыр къызэдэнэкІыну.

Канадэм адыгэу нэрыбгэ 600 хуэдиз исщ, псори дызэрощІэ, щІэх-щІэхьыурэ дызэопсалъэ, мызыгъуэгъкІэ я Іуэхур тэмэмщ.

* * *

КІЭДЫКІУЕЙ Батыр (США, Нью-Йорк):

- Коронавирусым нэхъ шынагъуэу зыщиубгъу къэралхэм япэ изащ Америкэр. Сэ сыщыпсэу Нью-Йорк гуэзвэгъуэхуэщ къыщыкІуэкІыр. Сымаджэ хъур апхуэдизкІэ куэдщи, сымаджэщхэм щІэхуэркъым, зэрагъэбауэ аппаратхэр яхурикъуркъым, вирусыр хьэлъэу къызэуалІэу илІыкІэр куэд дыдэщ.

Си ныбжьэгъу адыгэ щалэ Хьэкіурыпэ Абдулыхь, медицинэмкІэ факультетыр къиуахэу, ми илъэсым сымаджэщым лэжьыгъэм и пІалъэ щызэригъащІэу аращ. Ар жэщи-махуи зэрылажьэр солъагъу, хуабжьу гугъуехьышхэу хэтщ дохутырхэр.

Адыгэхэр щымащІэщ Нью-Йорк. Аэхэр нэхъыбэу щыпсэур Нью-Джерси штатыращ, абы и Іэгъуэблагъэ къалэ щыкІуэращи, зыкІэлъыплъыжьыну, цІыху Іув яхэмыхьэну нэхъ Іэмал яІэщи, я Іуэхур апхуэдэу шынагъуэ дыдэкъым. ИкІи я нэхъыбэр унэ лъапсэ дэсщи, къыщІэкІыу я Іэпкъльэпкъым зрагъэуКъуэдий мэхъури, ари гурыфІыгъуэщ абыхэм я дежкІэ.

ЦІыхуитІ сымаджэ хъуауэ зэхэсхащ, лІа зыри яхэткъым, Тхьэм и шыкуркІэ.

Си адэ-анэр щыпсэу Калифорние штатми Іуэхур щыщІагъэркъым, абыи щыкуэдщ зэрыщІэлахэр. Адыгэ унагъуэ 500 хуэдиз дэсщ Калифорниеми, псори зэрощІэхэ, зэдоІэпыкъуэ. Дэкіын хуей хьумэ, хуэсакъыу захуатэ, нэкІуІупхъуэхэр зыІуалъхьэри, я Іуэху зэфІагъэкІ. Си лъэпкъэгъуэр нэхъыбэу щыпсэу щІыпІэхэм деж зыщІахъумэжьафри, Алыхьым шыкур хуэощІ.

Сэ Нью-Йорк щыслъагъур гуэзвэгъуэшхуэщ. ЦІыху мелуанибл лэжьапІэншэ щыхъуэу ящыІэр. Ауэ унэм щІэсу лажьэ куэдри щыІэщ. Сэри компьютеркІэ унэм сыщылажьэу аращ. ЗэкІэ шхынкІэ, мыльукІэ гузавэ щыІэкъым, къэралыр дэІэпыкъуэгъу мэхъу, вирусращ цІыху цІыкІур зытекІуадэр.

ЗэрагъэхъыбарымкІэ, нахьыгъэм и пэщІэдзэм, икуэкъэм Іуэхур нэхъыфІ хъужьащ жаІэ, Дэнэ щыпІи щекІуэкІ мы мыхьумыщІэр щІэх тщхьэщыкІыну, ди лъэпкъэгъуэхэр дуней мамыр щыпсэуну ящ Аллыхьым сызэрельэІур.

* * *



ПЩЫХЬЭЩІЭ Симэ (Иордание, Амман):

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, Иорданиеми къэсащ коронавирусыр. ЦІыхухэр, шэч хэмылъу, егъэгузавэ. ГъатхэпэМ и 16-м щегъэжьауэ карантин дагъэкІыащ, Іуэхущапіэ псори зэхуащІащ, шхын зыгъэхьэзыр, зыщэхэм фІэкІа къэмынэу. Пщэдджьжьым сыхьэтыр 10-м щегъэжьауэ сыхьэти 6 хьуху, тыкуэным укІуэ хъунущ, ари унагъуэм щыщу зы щІэкІын хуейуэ аращ. Къалэхэр зэхуэщІащ. МашинэкІэ зыщІыпІэ укІуэн хуеймэ, Іэмал имыІэу зебгъэтхын хуейщ, хуитныгъэ къуэзратам щыхьэт техъуэ картэ пІыгъ-мэ, уежьэ хъуну араш, армыхъумэ, штрафу доллар 250-рэ уагъэтынущ, машинэри птрахынущ.

Къапщтэмэ, цІыхухэр жыІэдалъэщ, унэм щыщІэсын хуейм щІэсщ, щыщІэкІ хъунухэм щІокІ. Сыхьэт 48-кІэ, махуитКІэ, зы цІыху щыщІамыгъэкІаи къытхуихуащ.

ЛІыжь-фызыжь зи закъуэ къэнэ, уигу зыщІэуэн щІэкІэкъым Иорданием. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, Кавказым исхэм ещхьщ абыкІэ хьэрыпхэр, адэ-анэр, адэшхуэ-анэшхуэр Іэщ1ыб ящІыркъым. Псоми якІэлъыплъын яІэщ, я бынхэм я гъусэу мэпсэури, зыхуей хуоэщ.

ЗэрыжаІэмкІэ, тхьэмахуитІкІэ, вирус къызыпкърыхьа зыри къытхэмыкІмэ, карантиныр трахывынущ, къалэгъэгухэр зэІуахыжьнущ, Мэлыжьхьым и 24-м нэщІ мазэм щІедзэ, ар муслымэнхэм я дежкІэ Іуэхушхэущи, псори Тхьэм йольэІу, апщІондэху мы бэлыхьыр кІуэдыну. Тхьэм жиІэмэ, кІыдэхъуІлэнщ нэщІ мазэри зыхуей хуэзэу етхьэкІыну, гугъуехьыншэу дынэщІыну.

Коронавирусыр хуабэм щышынэу жаІэ, ди дежкІэ иджыпсту градус 24 - 25-рэ щыІэурэ я ёокІуэкІри, арагъэнщ зыщІыщмыбгъуэщэр, дапэкІи нэхъ хуабэ хъууэрэ кІуэнураци, нэхъыфІым дыщыгугъынщ.

* * *

ТЕМЫР Мурат (Чехие, Прагэ):

- Коронавирусыр Чехием къыщагъэзывыІауэ жаІэ Іэщ1агъэлІхэм. НобжкІэ ар зыпкърыт сымаджэхэм я бжыгъэр5500-м щыхьэдэхащ, илІыкІахэр 100-м щІигъуащ. Зы мазэм щІигъуауэ къызэрымыкІуэ щытыкІэм итщ къыраларыр, зэхэзекІуэр къызэтрагъэувыІащ. Иджыпсту лажьэр ерыскъыщапІэхэмрэ хущхъуэщапІэхэмрэщ. Дяпэкіэ нэхъ хуит къащІыжыну догугъэ.

Къыраларым и ГъунапкъэкІэ зэхуэщІащ. Уэрамхэм, цІыху зэблокІыпІэхэм нэкІыІупхъуэ пІымылъу утехьэ хьунукъым. Аръ пІымылъэ, тезыиру ебрэ 800-м нэс къыптралъхьэнущ, карантиным къиГэув хабзэхэм ящыщ кІыхьэпыбуДамэ, ебрэ миным щІигъу уагъэтынущ. Апхуэдэ щапІэхэхэри щыІэщ. Хабзэ ткІиим тету мэпсэу Чехиер, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, къэралым щагъэнэхэм ящыщ цІыху ГъащІэр хъумэнращ.

* * *

ЛУ Иринэ (Франджы, Париж):

- Франджым ГъатхэпэМ и 17-м щыщІэдзауэ карантин щокІуэкІ. Блыщхьэ кІуам ди къэралым и президент Макрон Эммануэль цІыхухэм захуигъэзащ икІи карантиныр накъыгъэм и 11 пщІондэ зэрекІуэкІынур жиІащ.

COVID-ри я зыпкърытхэр, сымаджэ хьэлъэхэр щыкуэдщ Франджым, реанимацэхэм цІыхухэр щІэхуэжыркъым. Иджыпсту тест зыхуащІр дагъуэ зиІэ бзылъхугъэхэмрэ сымаджэ хьэлъэ дыдэхэмрэщ. Адрей псоми терапевтым видеозэпщІэныгъэкІэ зыхуагъаззу аращ.

ЦІыхум илажьэхэмкІэ коронавирус пкърыту терапевтым кьихутамэ, COVID-19 Іуэхущапіэм щрегъэтхри, махуэ къэс къэпсалъэурэ уи узынщагъэм къыкІэлъоплъ. Сымаджэщым ущашэр умыбгъуэфу хьэлъэ дыдэ ухъумэщ.

Укъэм ущІэкІыну ущыхуитыр формуляр къыдэпхмэщ, ар Іэмалынщэ мыхъуауэ къуатыркъым. Хьэуам ухэтыну ухуеймэ, уи унэм зы километр нэхърэ нэхъ жьжьэ уІуМыкІыу зы сихьэткІэ къэпкІухъ хьунущ.

Си благъэ щІалэ мы махуэхэм егъэсымаджэ коронавирусым, си лэжьэгъуэхэм ящыщ зыбжанэ илІыкІащ. Париж Іуэхур щынэхъ хьэлъэ щыхьэкІэ, адрей къалэхэм, щынэлъэм нэхъ зыщІахьэмэжьфу жаІэ, сымаджэр щынэхъ мащІэщ. Карантиным и мардэхэм ткІийуэ тетщ франджыхэр, дэ мазэм къриубыдэу тІэу дыщІэкІауэ аращ унэм. Ди щхьэр тхъумэжьин, ІэнатІэ гугъуехьым пэрыт дохутырхэм дадэІэпыкъун хуейуэ аращ унэм дыщІэмыкІыу.

* * *

АЙДЕМЫР (Ныбэжь) Таисэ (Инджылыз, Лондон):

- Коронавирус уз зэрыщІалэм къэрал куэд бэлыхь хидзащ, дэтхэнэми зэрызыщІужьыр нобжкІэ зэщхькъым. Инджылызыр къапщтэмэ, къэрал унафэщІхэр япэ махуэм щегъэжьауэ и иужь ихьащ я щІыхуэхэр COVID-19-м емыГъэубыдыным, иужькІэ, Іэмал зэриІэкІэ, цІыху нэхъ мащІэ фІэкІа емыГъэщІэлэным елэжьащ. Ауэ эпидемие Іэубыдыпіэншэм закъригъэщІыхуащ инджылызхэми, сымаджэ хъуахэм я бжьГъэмкІэ, мы къэралым етхуанэ увыпІэ щиІыгъщ дунейм.

Дауэ мыхъуми, цІыхухэр, я гурэ я щхьэрэ зэтелъу, пандемиием пэщІэтщ. Ар теГъэчыныхьауэ жысІэфынущ махуэ къэс слъагъум, зэхэсхым теухауэ. Гуэзвэххи, гужьеиГуи ядэслъагъуакъым зыми. Къэралым карантин щагъэуващ, ауэ цІыхухэр унэм щІэс зэпытхьым. Іэмал имыІэу лажьэн хуей Іуэхущапіэхэр къагъанэри, адрейхэр зэхуащІащ, зэштеГъэупІи, шхапІи, парки зыри лажьэркъым. Ауэ къэралкІуэцІым кхъухьльатэхэхэм къыщалъэтыхь, мафІэгухэр, автобусхэр щызокІуэ. Пэжщ абыхэм ныбжьыщІэ куэд ицу плъагъунукъым, ауэ Іэмалыншэу Іуэху къызыльыкъуэкІэхэм зэфІагъэкІыну Іэмал яГуэт.

Инджылызхэм спортым мыхьэнэшхуэ ират. Абы ныхэкІыу, зи щІалэгъуи нэхъыжьыкІи къажьыу, я Іэпкъльэпкъым зрагъэхьэкуэдийуэ щІыпІэ хэмхэми ящІыпльэгъуэ, хьэжьр кърашэкІыу, хьэуа къабзэкІэ бауэу ирохьэлІэ.

Сэ си щхьэ Іуэхуэкіэ сыщідэкІ, тыкуэным щхуэкІыуэ сыщыкІуэ щІэх-щІэхьыр къыскхуохуэри, гу зыльыс-таращ: инджылызхэр хабзэм тет, хуабжьу зыхуэсакъыж лъэпкъщ икІи егъэлеяуэ зэхуэгуапэщ, пщІэ зэхуащІ. НэкІуІупхъуэхэр яІулъу къаКІухь. Тыкуэным псори зэуэ щІыхьэхьэм, зырызыххэу фІэкІа, чэзум пэпльэхэр щыбым дэту еращ, метр тІуры тІ я зэхуакуу. Ауэ щыхъуКІи, гужьеяи, тэмакъкІэщІи, нэщхъыщи урихьэлІэнукъым, щытыкІэ гугъур зытрамыгъэхьэлъэу зэхуэгуфІэу, зэхуэгумащІэу щхьэщэ зэхуащІу апхуэдэхэщ.

ТелевизорымкІэ хъыт хьыбархэм тепщІыхьмэ, нобжкІэ Инджылызым щызэрыщІалэхэм я бжьГъэм хэщІу щІидзащи, абы ирогуфІэ. Накъыгъэр къэсхуу гуныкъуэгъуэр ящхьэщыкІыну мэгугъэри, щІыхухэр нэхъ нэжэгужэ къишщІауэ къысщохьу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Зи насыпым и гъукІэ

75

Амщыкъуэ зэщхьэгъуэсэхэу Баширрэ Цуцэрэ тІури Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ. Араш абыхэм я гъащІэ мытынышыр щрахьэкІар, хэкум щыхуэлэжьар, я бынхэр щапІар.

ИБРЭХЬИМ и къуэ Башир 1917 гъэм нахьыгъэм и 10-м къалъхуащ. Зыми пимыщІу фІыуэ илъагъу мы щІыпІэр зэрыхуэзфІэкІкІэ ихьумащ, абы щхьэкІэ и пси емыблэжу псэуащ Башир. Курыт еджапІэр къыззриухыу лэжьэн щІидзащ, къызыхэкІа бынунагъуэшхуэр ПІын, зыхуей хуэгъэзэн хуейти. Абы и «еджапІэ нэхъыщІэхэр» щытар псори зыгъэсащ, хьэлри псэри зыпсэыс ГъащІэращ. Лэжьащ фІым щыгугъуу, и напэ емыпцІыжу, гуащІэдэкІым къару къыхилъхьэу. Колхозращ и щхьэгъуэ хъуну Цуци (Къубалэхэ апхъуэ) щызригъэщІыхуар. 1938 гъэм и мазаем унагъуэ яухуащ абыхэм. ИльэситІ дэкІри, дзэм къулыкъу щищІэну Башир ираджащ. Ильэсрэ я ныкъуэрэ абы щыІауэ, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м нэмыщэ зэрыпхъуэкІуэхэр ди къэралым къызэрыгъащ, цІыху хъуэпсапІэхэр якъутэрэ я мурад дахэхэр ягъэщащэу.

Зауэ илъэхэм къриубыдэу Амщыкъуэр мызэ-мытІэу игъэунэхуащ гъащІэм, абы хэлъ лІыгъэмрэ и Хэкур фІыуэ зэрилъагъурэ наІуэ кьищІу. Дызэрыщыгъуазэщи, ди зауэлІхэмрэ бийрэ Іэщ1кІэ зэхуэдэу ятэщІыкІэ къызэгъэпэщатэкъым, абы къыхэкІыу ди сэлэтхэр къудрэ къикІуэтын хуей хъурт. АтІэми, тыншу бийр зытрагъэгушхуэртэкъым, я псэм емыблэжу зауэрт, къызэранэкІ зауэлІэм лъыр щракІуту. Апхуэдэурэ Харьков нэсащ Башир и 175-нэ фочгъауэ дивизэм и 632-нэ полкыр. Батальонурэ, уеблэмэ гупурэ зэкъым икІи тІэуКъым ахэр нэмыщэкъм къызэраувыхьар, къаззрыІэщІэкІыфар, зы махуэм нэхърэ къыкІэлъыкІуэм я цІыху бжьГъэр нэхъ мащІэ хъууэ.

Яготынь нэсауэ, зи къарур щІэкІа баталъионым зихъумэжьфакъым. Улэгъэ зыуа, лагъымкІэ зыщхьэщихуа сэлэт тхъэмыщІкІэхэр гъэр хъуащ.

Абы нэхъ зэрэ нэхъ щыІэт?! Хэкум папщІэ зи псэр зытыну хьэзыр зауэлІкъым яхэттэкъым гъэрыпІэм ихуэну, ІэпкъльэпкъкІи псэкІи ираудыкыну хуея. Сыт хуэдиз икІуэда нэмыщІ зэрыпхъуэкІуэхэм я гъэрэщхэм - хэт уІэгъэхэм илІыкІыу, хэти кърадз удынхэр яхуэмыхьу, хэти къыщІэпхъуэжьну щыхуежьэкІэ яуклыу. Амщыкъуэ Баширрэ абы и гъусэхэмри Іэщ1ыб яхуэщІыртэкъым гъэрпІэм къикІуэсыкІыжьын гупсысэр, зыбжанэри къаубыдыжурэ хуабжьу яубэрэжьаХэт. Куэдрэ Башир ильэгъуащ гъэрхэр зэрауКІыр, нэмыщІ хь ЗгъэсахэМ ахэр зэрызэпкъратхъыр. И насып къырихьэкІри, а жьихьэнмэм псэууэ къелащ езыр.

Дарницэ, Киев, Шепетовкэ (1942 гъэм и щІымахуэм щаІыгъа лагерыр), Винницэ (аэродромым и Іэгъуэблагъэм ита концлагерыр), Житомир, Славутэ, Владимир-Волынск, Каменец-Подольск, Проскуров (мыбдежхэм штрафной лагеркІэ зэдзэм хуэдэщ щыІахэр) - зым ирашым адрейм яшуэ зэрыса гъэрэщхэр здэщыІа щыпІэхэращ мыхэр. Польшэм и хьэпс зыбжанэми исащ Башир. Абы щыгуэ ХьэщІэпхъуэжьауэ къэубыдыжри, удынышхуэ кІрадзат, зи щІакхъуэ Хьэщ1ыр къэзытурэ къыхуэсакъа и ныбжьэгъуэхэм я фІыгъэкІэ псэууэ къызэтенаэу аращ. Адэкіэ къыкІэлъыкІуащ Франджыр, я къарум дэмыхуэн хуэдиз лэжьыгъэ хъэлъэхэр щрагъэлэжьар.

Мис абдежращ апхуэдизрэ зыщІэхъуэпса щхьэхуитныгъэр къыщІэрыхьар Башир. Ауэ хуит къащІыжакІи уеджэ хъунутэкъым абы: Гитлер и зауэлІхэм апэщІэтыныжмкІэ ди къэралым и дзэпыкъуэгъуэу щыта инджылызхэм япэщІэхуащ гъэрхэр. Инджылызым и лагерым мазитхукІэ исащ Башир, ди зауэлІхэр етІуанэ гъэрыпІэм ди къэралым къришыжьыху. Тенджыжьгъэ ахэр Одессэ кьагъэсащ. Абы ирашри, лэжьакІуэ баталъон щыГъуу, КъухьапІэ Жьыжьэм и Сахалин хытІыгум ящыІ. Башир шахтэм щылэжьащ гъукІэу. Зым и дежкІи щэхуэкъым дэтхэнэ зы цІыхуми и къекІуэкІыкІар, къикІуа зауэ гъуэгуанэр НКВД-м щІипщытыкІыу, иужькІэ хуэфащэу къалытэ жэуап ирагъэхьу зэрыщытар. Зэрагъэхъуэхэм псори Башир щыІэщ ахьжьри, и хэку къэкІуэжьину хуит ящІащ 1947 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м. ИужькІэ абы къыхуагъэфэщащ «Германием дызэрытекІуам папщІэ» медалыр.

И унэм, Дзэлыкъуэкъуажэ, ар щынэсыжар бадзэуэгъуэм и 10-ращ. Мис апхуэдэ гъуэгуанэ гугъу, шынагъуэ кьикІуащ Амщыкъуэм. И нэм илъагъур и фІэщ хъуртэкъым бжэщхьэІум къыщыІущІа и щхьэгъусэ Цуцэ. Сыт хуэдиз нэпс щІигъэкІа абы а илъэсибГъуэм къриубыдэу. Колхозым жащ-махуэ жимыІэу щылажьэу, хьыбар зимыІэ и щхьэгъусэм папщІэ нэпс щІигъэкІыу, абы и Іыхьлъхэм хуэфащэ гулъытэ яхуищІэр хабзи якІэлъызэрихьэу.

Мамыр гъащІэм къызэрыхьэжьу, Башир колхозым лэжьэн щыщІидзэжащ икІи пенсэм тІысыжьыху механикэ лъэщапІэм гъуклэу щыІащ. Абы и емызэш лэжьыгъэр къамылытэуи къэнакъым: Ленинры къызэралъхурэ ильэси 100 щрикъум ирикъэлІэу къыдагъэкІа «И гуащІэдзкІ хьэлэлым папщІэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, щІыхь тхылъхэр, саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ.

Ильэсхэр кІуэху и бгъэм хэлъ дамыгъэхэм къажэхъуэрт, Хэку зауэшхуэр зэрихурэ, СССР-м ІэщэкІэ Зэщ1эуэзда и Къаруурэр къызэрызагъэпэщурэ бжыгъэ пыухкІа щыхъуэм ирихьэлІэу къыдагъэкІа медалхэри къратащ. Иужьрейуэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ «Совет Союзым и маршал Жуков» медалыр.

Нэхущым щыщІэдзауэ жэщыбГ хъуху зауэ зэманым гугъу зэрехьам къыпэкІуэу, Башир и щхьэгъусэ Цуцэ къыхуагъэфэщащ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм щытхъу пылъу зэрыхуэлэжьам папщІэ» медалыр. ТекІуэныгъэ Иным Цуцэ хуищІа хэлъхьэныгъэт ар. Хэку зауэшхуэр иуха иужькІи, нэмыщІ зэрыпхъуэкІуэхэм зэтракъута цІыхубэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжьыным и къару емыблэжу пэрытащ. 2005 гъэм и накъыгъэ мазэм абы къыхуагъэфэщащ «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр. Тылым зэрыщылэжьам къыпэкІуэу, абы къратащ Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухэр илъэс 50, 60, 65-рэ щрикъуэм ирихьэлІэу къыдагъэкІа медалхэри.

Зэщхьэгъуэсэхэм зэдапІащ, цІыху нэсу ягъэсащ я бынийр. 1961 гъэм Цуцэ «Анэм и медаль» дамыгъэ лъапІэм и II нагъыщэри къратащ. А зэманым абыхэм пхъуицрэ (Мадинэ, Сатэ, Іэсият сымэ) къуитІрэ (Сэламрэ Мухьэмэдрэ) яІэт. Иужькіэ пхъуиц (Амсирэт, Хъуджэт, Іэнисэт) зэдагъэтыжащ.

Баширрэ Цуцэрэ ильэс 60-кІэ зэдзэпэуащ. ЦІыхухэр фІыуэ илъагъуу, дэтхэнэми зыщІагъэхъуэну зыхьзыру, зэпІэзэрыту, лэжьэкІуэжьу дунейм тета зэщхьэгъусэхэм пщІэ къахуэзымыщІрэ къахуэмыарзэырэ къуажэм дэстэхьэм. Ахэр зыцІыхуу щытатэхэм зэи зэращымыгъупщэнум шэч хэлъкъым, жэнэткІэ Тхьэм игъэгуфІэхэ!

БжэныкІэ Мухьэб и «Абуково-Залуко-коаже: история и судьбы» тхылъыр и тегъэщІапІэу зыгъэхьэзырар

ИСТЭПАН Залинэщ.

● Узыншагъэ

Госпиталым хуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэмкІэ и министр Къалэбатэ Рустам къыпщытащ Прохладнэ дэт район сымаджэщ нэхъыщхьэм (ЦРБ) и корпусыщІэр коронавирус уз зэрыщІалэм щІэзэну госпиталым зэрыхуагъэхьэзырыр. Абы гъэлъапІи 160-рэ щыагъэувынущ икІи я мурадащ ЦРБ-м и къудамэ зыбжанэ щІагъэзэгъэну. Арщхьэкіэ, COVID-19-м зэрызиубгъум и Іуэхум хигъэплъэжащ.

ПРОХЛАДНЭ сымаджэщым и госпиталыр нобэрей медицинэ Іэмэпсымэ пэрытхэмкІэ къызэгъэпэщащ, иджыпсту хуабжьу зыхуэныкъуэ ИВЛ аппатэхэри хэту. Абы нэхъ хьэлъэхэр зэрагъэбауэ жьыр къокІуалІэ, реанимацэмкІэ къудамэ щыІэщ. Ягъэхьэзыр коронавирус уз зэрыщІалэм иубыдахэр щалІагъыну пэш щхьэхуэхэри.

Псори зэхэту Къэбэрдей-Балъкъэрым госпиталиц къыщызэрагъэпэщ, COVID-19-м нэхъ шынагъуэу иубыдахэм щІэзэгъэну. Зым - СПИД-мрэ уз зэрыщІалэхэмрэ къэмыгъэхъунымрэ япэщІэтныжмкІэ центрыр и лъабжьэу - щІидзащэ мэлажьэ. Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м къыщызэрагъэпэщари хьэзырщ. Зи гугъу тщІыр - Прохладнэ ЦРБ-м щыІэр - ещанэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

(КІэлъыкІуэр. Пэщ1эдзэр №№937 - 39, 41-43-хэм итщ.).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгъыкъ и нэлат

Тхыдэ роман

Хьэтіохъущокъуэр мафІэ зэщІэлъым пэрытІысхьэжащи, башыпэмкІэ дэпыр зэІищІэуэрэ и гупсысэхэм егъэзэж. Пщым и щхьэм щІэзэрызехьэхэм къапокІуэкІри, мыщэ-анэр аргуэру и нэгу къыщІоувэ ... Кургуокъуэ игъэщІагъуэрт: «Дыгъуаесэ хуэдэщ щІымахуэ гъуэмбым, жейкІэ зигъэнщІу, къыщипщыжар. Дэни кърихакІэ абы щІэжьей? Гъуэмбым псэфу игъуэлъхьэжагъэнт. Дауэрэ мыхъуами, псэ гуэзвэгъуэм хэдгъэтащ тхьэмыщкІэжьыр, ауэ бэлытэІунэуи дутІупщжащ. Фымрэ Іеймрэ дапщэщи щызохьэкъуекъуэ мы дунейм. Дэтхэнэр текІуэнкІэ хьунчІэ зыми ищІэркъым. Жалэри, игъащІэ лъандэрэ гуфІэгъуэмрэ гуауэмрэ зэІэпэгъуу. Кърым зауэм и гуэзвэгъуэм щыму сриплъэрэ, мыщэ анэмрэ абы и щІэжьеймрэ и псэ хьэзабыр нэІуныгу хэслъагъукІащ!»

Ужьхыужьну зызыщІ мафІэ дэпым башыпэкІэ щІэтІахъуэу, чыгъэсын щыпэридзэм, бзиилплъэм лыпщІурэ зыдрадзэйри, пщы уэлийм и напэкІэ зэкІужьр кьыхэплъащ. Жьмрей тхьэмахуэхэм я хьэтІыр лІым и натІэ лъагэм иджы лэдэх лъэужьу ирикІуэрт. Пщы уэлийр мафІэм хэпльэзэрэ зыгуэрым хупогуфыкІ: «НэхъыфІщ я псэ дызэремыІар. Мыщэ шырым и нэ хьурей цІыкІухэр-щэ! Щхьыріб мыхьуитІ ирагъэтІысхьа нэхъей... Хэт зыщІэр псэ гуэзвэгъуэу абы игъэшар? Хэт зыщІэр Кърым щІыбым дадзэжа ди сабийхэм псэ хьэзабу ягъэвыр?!» А упщІэм и жэуапкІэр пщы уэлийгъуэ ита лъэпкъылІхэм я хьэдрыхэ егъуу щхут. А жэуапыт Хьэтіохъущокъуэм, жейм иримыгъэзэгъыу, къыкІуэцІыуІухэри. Нэхъыбэрэ пщыр абы иуІуукІи, зыщыгуГъ текІуэныгъэр нэхъ хьэкъыу къыжьэхэплъэрт.

Пщы уэлийр зэуэ къызэфІэуващ. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу зыізэпиплъхьурэ, къамэ-бгырыпхэ еІуэнтІэкІар и пІэ иригъэзэгъэжщ, зэтхьпщІэуэжри, шы Іумпіэр иІыгъыу къыпэплъэ бейгуэлым жриІащ:

- Вгъэужьых, Къарэжь, мафІэр. Фынежьэ.

Гъэзгу тевэжа Хьэтіохъущокъуэр нетІэ зыІыгъа и гупсысэхэр - дыгъуасэри пщэдейри я щыкІэу - иджы зы жьжьэ гъэрым хэшэсэжт. Хэт нэщэнхэр и Гъуэзэщ, хэти пщІыхьэпІэхэр и кэнджэщщ. Пщы уэлийр зыщыгугъри зэрыгъуэзэри КъэзыгъэщІауэ и щхьэщыгу кьитымрэ къритауэ и акъыл къихьымрэт.

Пщым и шы лъэужьыр лъэхъуІэуэщу зыІыгъ лъхукъуэлІхэм я гъащІэр нэхъ тынщщ, абыхэм я гупсысэхэм зэи зытраІэтыкІыркъым щІыщхьэм. Аращ зэрыщытын хуейри - щІым тетщ. ЩІым епІ ахэр, абдежьым щеух я кьалэнри. Пщы уэлийм ихъ бжьыр нэгъэщІащ. Абы и напэ хьэкъыр къызэрапщытэнур лъэпкъым Іупщу игъуэт натІэ Іыхьэпщ. Пщыгъуэ зыльысам иІэжкъым «си щхьэ». Пщыгъуэр зыІыгъым къыІпысьсын хуейкъым «си псэ»...

Шухэр кІуэрт шыІпэ макъ зэпэджэжхэм я кьебжэкІым дэщэнауэу, ГъуэгубгъуитІым зыкъытращІэу къащхьэщыІпэ Іуащхьэ натІэхэмрэ бгы гъуанэ бгъуэнщІагъэмрэ зэпапІпыхьуІуэрт. Къыр блын лъапэхэм Іуву зыщІэзыубгъуа мэзхэр зэмышхуу шхъуантІэщ. Балъкърэ Бахъсэнрэ я зэхуакум итщ (иІъэс мин зыбжанэ ипэкІэ папщІэу щытагъэнт) зи гущІыпр щхьэгъэбгъуфІэу теІуцІыкІа Уафэбгъыкъу бгыжьыр. Абы кІэлъокІуэ Сосрыкъуэбгыр. Мес а нартым и мывэжьри. АдэкІэ нэр пІэпІысых къурш удзыпщІэ махъэщ. Мобыкіэ - Джэдмышх, Мэлпшэр. Модэкіэ уПпъэмэ, Пахьрэнщ. Мес Тамбийкъуэ, Къазий. Абыхэм адэжкІэ, уэс тхьэху щэджащэхэм я жьэгужьантІэу, кьыщытщІуащхьэмахуэ.

Къазий и псынэм нэсри, Хьэтіохъущокъуэр шым епсыхаз. Пщыр тэлайкІэ псым хэпльэщ, хьэмбыІуу псынэ Іуфэм Іутпісхьэри, шкІурыжу мывэху дзэлътІым къыдэбыргъыкІ псынэпс жьгъурыхум и Іэгуитіыр хищІэуэр, зы цІыхум зэи нимыжьыІыса псэгъэнщІыгъэкІэ зэщыджэжу щэтащ. Іэпхъынэ куцІым зизыгъашэ псынэпсыр зэкІэлъиргъэпІащІэу Іэгукіэ къыщІигъалъэуэр Кургъуокъуэ и нэгум щІикІэщ, псынащІэм тэлайкІэ щІэпІъэжри, и Іупэхэр хищІащ Іэгубжьэ зэгуэлъым щхьэдикІыхьу кьригъэхъуа псынэпсым... Псы мылыр тэмакъыщІэм дзакъэу ибжьа щхьэкІэ, а бжьыбжьыр Хьэтіохъущокъуэм и Іыхьм иджы зы телъыджкІ гъэру къыщІихъуэпсхІат. Лъэпхъэдэнэм зэуэзэпсэу зыкъыІэщІэзыуда джий гъащІэ Іъэщыр мы псынэм и зы Іубгыгъэт! Пщы уэлийм и псэм гуфІэгъэу Іъащ1энщэр щхьхэрт иджы! «А Іэмалыр, а хэкІыпІэр! Мы къурш зэхуакуэм дэлъ псыхъуэ уэхым кьыІэзрыщэщхьэрыуаэу, мыбдеж щыІэзтеуКІэн хуейуэ ящІ кьрымыдзэр. Мыбдежщ ди гъащІэ!»

Къазий и псынэр къыІэзранэкІауэ сэнтхым дакІ шу гупым къапэплъэрт Іущщхэм тет Шурдым Жанхъуэт, шуитІ щыІэгъуэ.

- Фіэхъус апщий, Алыхьым фыкІэ къыдита пщы уэлий! КъущхьэхъущІыр уимыщыпэлъагъуми, мызыгъэгукІэ дауэ къыпщыхьуа?

- Бохъу апщий! НэхъыфІыр фи Іыхьэрэ Іыхьэм и фІыр фхуэбагъуэу Алыхьым фиузэщІ! КъущхьэхъущІыр, уэнжьнхэ, адыгэнэ-адыгэпсэу кьыслъупІащи, ди напэрэ зэІуохуэ, кьыслупІьащи, ди напэрэ апхуэдэ ухъу!

- Алыхьым уэзхих, зиусхьэн, - арэзыуэ я щхьэр ящІ лэгъупэжьхэми.

Жанхъуэт къопсалъэри:

- Къэбэрдейм и къэкІуэнур уэ зым уи Іэмыщ1э ильщ, пщы уэлий. А пщІэр тлъытэу, мы щынэр тыгъэ пхуэтщІын. Дяпэкіэ къыпщІэхъуэну уи хъущэхэм я Іэщыпэ мыр ухъу! Мы фэри, а щынэр къызыхэкІа мэл хъущэм кЬеуэса дыгъужьым тетхащи, мыри ди лэгъупэжьхэм я тыгъэщ. ПхуэфІын ухъу а нэщэнэр!

- Фызытеджалэ фи былыму Алыхьым фригъэфІакІуэ, къэушхэ! Фи Іуэху фІы ирехъу! - фІыщІэ яхуещІ Кургуокъуэ.

- Сыхьэтыфі ухуишэ, дипщ! - псоми къабгъэздкІыу жеІэ Шурдымым. - ЗаХуагъэрэ напэкІэ сыт хуэдэ Іуэху умыублэми, зиусхьэн, мо Іуащхьэмахуэрэ мы Уафэбгъыкъуэр хуэдэу дэри дыпкъыдэтынущ.

Зи гъэгу техьэжа шухэм Шурдымэуэркъыр куэдрэ якІэпъыплъащ гупсысэу: «Ярэби, мы пщы уэлийрэу пІэрэ-тІэ зи Іущрэ зи лІыгъэм адыгэр иджы къыхуэнар? СынольэІу, ДыкъэзыгъэщІа, мы лІыр зэхэпщІыкІыу, гуащІэрэ гъащІэкІэ укъетэну!»

ИчындыхуэкІуэу шухэр къыхьэжащ пщы чом. Къэсей хьэжьми и аэхэ джэ макъыр зэпэзхихыу, Хьэтіохъущокъуэр и шу гъусэхэм яхуеплъэкІри:

- Нэмэзыщ мэжджьитым кІуэн къыфхэтмэ, зыкъыскІэрывмыгъэху...

Шухэр, зыри къэмынэу, пщым и ужь иуваш.

VIII

АШАБЭ Миншакъэрэ Джэрыджэ Мэремрэ гъэгу тетщ махуэ етхуанэ мэхъури. Нэгъабэ Кърымым залымыгъэкІэ ираша Налмэс, Миншакъ и пхъурылъхум, и щхьэ кърикІуар зрагъэщІэну екьащ къэбэрдей шууитІыр.

Жьжьэщ Кърым хъанытгуэр, Шэрджэсэу и кІыхьагъыххэкІэ зэпыпчын хуейщ. Мэзыльэрэ къурш къуакІэу, псыхьэушхуэрэ щІы тафэу макІуэ шухэр. Зззэмызи, гъэгур къуаІэчыцэмкІэ жьг лъэкъыкІэ лъабжьэхэмрэ якІэщІэпщхьэжурэ лъэсІъагъуэ Іэзэу зэхуокІуэж. Зэм-зэми, куууэ хуэм екьыурэ мэз Іывыпіэм щынэскІэ, жьг дакъэхэмрэ мылыф гуацэмрэ зыпакІухьри, шы Іущхэр мэз хуейм уизышэ лъагъуэ бгъуэзм тоувэж. Псыежэх цІыкІу Іэгъуэблагъэм зэрыщІэр игъэІупщІу, жьгІыц къэдабэхэм зыщащхьэунтІым деж, щухэр епсыхьри, шыхьэм зрагъэгъэнщІт, езыхэми загъэщІыІэтыІэрти, уэрэшру гъэгу теувэжт.

Гъэугуанэ зэдытехьэхэр щыгъуаэзщ бзыщІа гъэри къызыкъуимынэу цІыхугум зыкъызэритІэщІым. Псэхэм жыІ дихужауэ гъэзгугусэхэр зэрызэпсалъэм щыгъуаэзщ. Иджыпсту зэкІэлъхьужьу кІуэ шууитІыр апхуэдэ псалъэмакъым хэхъьзырыкъым. Зэкіэ зэІуоплъ ахэр, заІэжь. ПІалъэ иІэщтІэ апхуэдэм... Мэрем зэрынэхъыщІэр зы дакъикъи щымыгъупщу зэкІэІыгъщ. МащІэрэ Іэдэбу мэпсалъэ щІалэр. Бесльэнейри къызэранэкІри, Лабэ и Іэхэлъаэм шухэр нэблэгъауэ Миншакъ:

- Гъэугум пкІэлъей ебдзынтэкъэ, Мэрем? Зы хьыбар дыщІэгъэдэІу.

- Ездзынт, тхьэмадэ, пкІэлъей едзынуэр здынэсыр сщІатэмэ...

ШІылъэ макъыр гъатхэ хъуэм жьгъыру лъагэу хэІуэрэ гъэгу сабэ Іущхьэм хозэрыхьыж. Щымщ шухэр. Махуэр бзыгъэ уэфІщи, Абэзэхэм и уэсылъэ къуршыдзэхэр сэмэгурабгъу жьжьъэм къыхопІъ. ИжьымкІэ, Псыжь кІуэцІрыкІыу, тафэщІ укъуэдиящ. ЩІэх-щІэхыпрэ иджы уаІуощІэ пасэрей Іуащхьэ Іэрыщ1хэм. Нэхъ ищхъэрэху - ахэр нэхъыбэ мэхъу. Адэжкі3 узэІуплъэр мэз Іув гъунэнщэщи, а лъахэ хьэлэмэтыр мамыру щІэльэ пшэ хьэуджэдхэм зыздагъэпщ узгу бгъафэ гууэщІым. Лабэ, Псыжь, Уарпі, Фарзэ, ЩІэхъурадж, Щхьэгуащ, Пшыпш, Псыкупс, Шэхъ, Афыпс я псныпхэу хъурыфхэр, зыр адрейм щІэмыупщІэурэ, нэуфІыщІыхьэрыуэу хуахъ адыгэпІэр щэрджэс нэпсрэ зэкІэ зыхэмыткІуа ся ФІыцІэшхуэм. Мо псы пІащІэрытхъытхъэр зэгуэр епщІыхьаеу пІэрэт, апхуэдизрэ я псыпсэхэр зыІурызыша хы ФІыцІэжьыр лІэщІыгъуитІ дэкІмэ, лъыпс-шыугъэ яеу зэрызэщІэпщІэнум?..

ЩІым и къэхъугъэ дахащэм зыІэпишауэ, Миншакъ:

- Іэтофрилэхь... Мы ди адыгэщІыр! - къамышыр зы лъэныкъуэкІэ ишийуэрэ: - Мобыкіэ укІуэмэ, абхъазэхэр щопсэу. Іуэзв дыфІэкІмэ - Кърымыщ. КІапсэрыуантІэм ебгъэщхькъэ, Мэрем, ди гъэзгуанэр?

- ЗыхэзмыщыкІым дауэ сытепсэлъыхьын?..

- Ари пэжщ. Дизыкъуажэ и жьІауэ, «сызыхуейр - сощІэ, сымыщІэмэ - сызхэмейуэ арщ», Миншакъ мэдыхьэхкри: - Насыпи диІэти, ахуэдэ Іуэху епльыкІэм къамэ къыдрапхъуэтыр-тэкъым. Адыгэхэр зыІэзыбжьэу къамэ Іэпщэм йопхъуэ. ГуащІэхэщ. Къамэр пІащІыІуэурэ, акъылыр итІанэ щыкІэлъысыжьір нэхъыбэщ. Сэр дыдэми схэльщ а хьэлыр. ИтІани, Хьэтіохъущокъуэпщымрэ Къэзанокъуэмрэ зэрыжаІауэ: дэракъым а лажьэр зейр, ди псэ и хуэпсэм къеІэну хэтэхрщ зи ягъэр!

- Дэтхэнэ хъуапсэм?

- Дэтхэнэм жьпІа? - Миншакъ гупсысэри: - Зауэ-дауэ къыдамыщІэкІыу ди бынунэ дагъэпІыжьыну. Нэхъыжьымрэ бзылъхъугъэмрэ дгъэфІу, я пщІэ тІэтыну... Сыт иджыри? Фыгъуэрэ ижэрэ тхэмыльу, ди хэку и къулей зетхьэну. Пщыгъуэ зэдуэр Іупэкъгъэунэхъыщ, Мэрем, - нэщхьейуэ жеІэ ЛІым. Уэ дауэ уеплърэ, щІалэ?

- Еплъ лей хэлъ абы? Уи жьІэм сриакъылэгъущ сэри. ФІы дыдэтэкъэ ар: фыгъуэрэ Іейрэ ди гъащІэм къыхэмыхьатэмэ!

- НтІэ, Джэрыджэ и къуэ, абы уигъэгумэщІыр пэжу щытмэ, пщы хасэм укъьихьэу сыт нахуэу ущІэмыпсэлъар?

- Уагъэпсалъэрэ? Си къуэш Таукъан деж щегъэжьауэ... Нэгъабэрэйм елытауэ, мыгъэрей - пщы хасэр куэдрІэ нэкъ жьэнахуэу зэхэхьащ. ЩІэлъэфарэ къеХьэхІ-нехьэкІрэ хэмылъу, щхьэж кІыІуэтат игу илъ, арщхьэкІэ... зыми зихьуэжауэ гу лъыстэркъым. Зэрыщытагъэжьщ псори.

- Уэахуэщ, Мэрем. Уэахуэщ. Пэжым нэр ирещІ. Сэри сигу дыхьащ мыгъэрей хасэм щыжаІахэр. Мыдэ, зэуи уаэхтат Хьэтіохъущокъуэм Джьлахъстэнэйм игъэкІуа лІыкІуэ гупым. Хььбар гуэрхэми сащыгъуаэзщ, абы екъэпІащэ, итІани, зи нэкІэ зыІъэгъуам жиІэжьр Іэджэкіэ нэхъ пэжьфэщ. Дауэрэ фыкъыІэекІуа гупыр?

- Джьлахъстэнэйм, сыт щыгъуи хуэдэу, екІуу драгъэблагъэри, шыгъуІастэ Іэфіи къытхуаІэтащ. Абыхэм жаІэраш: Кърымыр Хьэбэрдеишхуэм и щІынальэм зыкъежьэжь, кьымыгъэхьэу, фезауэ. Адэкіэ фэ къыфщІыщІ дэри къытІыІыхьэнц...

Мэрем игу къэкІыжащ Хьэтіохъущокъуэм Къалмыкъми нэгъуэщІ лІыкІуэхэр зэриІуэхуар:

- Ди малъхъэ Аюкхъаным деж шу гуп игъэкІуауэ жаІэ пщы уэлийм. Сыт хуэдэ жэуап къаритину пІэрэ Къалмыкъым и тетым?

Миншакъ и гур къиузыкІащ:

- Зэхэсхащ ари... Джьлахъстэнейхэр дыдейщ, дипщи, дэнэ дахьыжьнт, ауэ а къалмыкъхэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр къаулъэпхъэщу къэтІысыжьнущ. Сэ си щхьэкІэ уи Аюкхъании уи куржы Чэртлим ипщ Вахтанги я жьІэ зы мэскъалкІэ си фІэщ хъурэкъым. Зэхэсх хуэдэщ абы жьаІэнухэм къикІыр: «Ди жагъуэ зэрыхъущи, дощІэ, ауэ... добзыщІ».

Миншакъ зи гугъу ищІ «дощІэ, добзыщІыр» Мэрем къызэрыгурыуІащ а жьэзІащ щыхьэт тришІэн папщІэ, щІэупщІэжьну игу къыпыльэдат, арщхьэкІэ, нэхъыжьым жьэмищхьэмыфэ къриплъынкІэ шынэри, зиущэхужащ.

Мэрем куэд щІауэ ицІыхурт Ашабэр, ауэ щыхьхъІи, мызыгъэгукІэщ лІым нэІуасэ дыдэ щыхуэхъуар. Джэрыджэр нэхъыжьым хущІэпльэрэ: «ЦІыху набдзэгубдзаплъэщ Миншакъ. Адрей уэркъэм нэхърэ нэхъ Іущщ, нэхъыбэм гу льетэ, и лІыгъэкІи нэхъ къахощ. Ашабэр жьыми щІэми ягуроІуэ. «Дежьэнущ» жери, дыздэкІуэри къыжьимыІэурэ Къэбэрдеишхуэр къыздэгъэкІыу Бесльэнеймкіэ щыдгъаззэм, абы дыкІуэ си гугъа щхьэкІэ, мис, КІэмыргуейм и щІынальэ дыкъэсауэ дитщ. Езыри щымщ. ЕмыкІуу пІэрэ иджы сеупщІыну?»

- Миншакъ, сыноупщІ хъуну?

- УпщІэ щІэщхьэркъым, Мэрем.

- Дэнэ дыкІуэрэ?

- Арат? ... - Ашабэм и напщІэр хэльэтри, нэфІэгуфІэу жиІащ: - ЛІы и шыІэ убгъэдэлъщ, Джэрыджэ. ДыздэкІуэр зыщІэр сэращ. Бжесіэнщ дэнэми: Кърымым докІуэ, Мэрем. Уэ ущыгуаэзу къыщІэкІынщ Налмэс сыткІэ къызгухьэми. Иджы, укъызэрыздежьам ухущІемыгъуэжакІэмэ, сэри зыгуэр сщІэну сыхуейщ: сыт дэлъ фэ тІым - Налмэсрэ уэрэ - фи зэхуаку?

Мэрем и гупсысэр хьэмбыртІри, зэуэ зэхэзещхъуэн ищІащ. Ялэрауэ - Кърымым кІуэу къызэрыщІидзыжар, етІуанэу... Ашабэр, Мэрем шу ГъусэУ къыщІыхьыж, дауи, щыгуаэзт абы Налмэс хуигъафІэ гухэлъым. А псом я щІыІуж, узыщІэупщІэну къемызэгъым, и натІэгу кьриубыдауэ, къыщІоупщІэ! Дауэ мыхъуами, нэхъыжьщи, жэуап нахуэ кьыпоплъэ Налмэс и анэ дэлъхур. Ашабэм ищІэну хуейщ Мэрем Налмэс зэрыхуэныкъуэм и пэжыпІэр. Хуэмыныкъуэхэми, ари - ІупщІу зы жэуапщ. Дакъикъэ ныкъуэм кьриубыдэу щІалэм и нэгу зэрыщІэхыжащ ялэ гухэлъым и гурыщІэ укІытэхэр. Абыхэм ящыщу зыщыгугъахэр, имыгъэтыжакэр, хэщІыныгъэшхуэу къещхьэкІыжакэр, гугъэ нэпцІхэр, итІанэ гугъэншэ защІэу зэкІэлъыкІуа маззхэр, илъэсыр... Иджьпсту къытепсыхэжа гурыфІыгъуэ лъэщыр! Налмэс здэщыщІэм иджы макІуэ! Налмэс къаШэжьыну Къырымым макІуэ...

Мэрем укІытапэурэ:

- Налмэс хуэсщІа гухэлъыр мащІэуи ужьыхакъым. Иджьпсту, ар хуит къэтщІыжьыну гугъэ щызгъуэтым, нэхъ гуащІэж ар мэхъу, - жеІэ псалъэмакъыр нэгъуэщІымкІэ иришэкІыу: - Урыс пащтыкъым и дэщІэгуущ Бековичи Черкасскій Александр. И цІи къызыхэкІа лъэпкъи щыгъупщжауэ къыщІэкІынщ абы. Пащтыкъым къыхуищІ и унафэу урысхэм яхэсщ. Ягъэ кІынтэкъым Кърымым дилъ зэрыриффр а Петр Езанэм жриІатэми...

- ЖриІэнукъым-тІэ! - пеупщІ Ашабэм, - зыми Алыхьым дакъыхуимыгъанэкІэ: Бекович-Черкасскэми, Къэбэрдейм икІа Черкасскэмэи, Тырку султІанымрэ, Кърымрэ, Кримрэ, Ногайрэ, Ерзэрэ, Ингушрэ, Шэшэнрэ, Къэбардеймрэ, Кабардеймрэ, Мэрем, Ашабэм, Мэрем, гупсысэр яуэзщІ. КъыщІэдзэ-тІэ иджы!

Ди уэнэжькъ мэжаджэ ныкъуэ ухыкъуоплъ.

- Мазэ.

- Ди бжьыкІыпэ къуацэ фІэльщ.

- Уэс.

- ІэкІэ лъэмыІэсу кузбжэр зэІузых.

- Жьапщэ.

- Ди лІыжь цІыкІу шыгъушхэщ.

- Джэдыкіэ.

- Ар сыту хьэІущІэрей, тхьэмадэ!

- СыкъэщІэрейщ - кьуажэхьхэр тынщщи.

- Мыр къащІэт-тІэ: Мэпіэнкі, зэтопкІ. Пхъуми иримых, нысэми кьримыхь.

- Мис иджы сыкъэбубыда сфІощІ. Сысейри яхэту кьуажипщІ узот, Мэрем.

- Ууейр уэ къызыхуэгъэнэж, мыдрейхэр къызощтэ.

- Зэ умыпІащ, къэувыІэ. А кьапщтэхэм ящыщщ Хьэтіохъущокъуейри.

- Сэ дэнэ щысщІэнт ар зэращыщІр? Хъунщ, къызыхуэгъэнэж кьуажэу кьызэптахэр псори. Бжесіэнщ жэуапыр: Уэщ ар, уэ цІыкІу. Иджы уи чэзущ, Миншакъ!

- КъащІэ-тІэ: Дзэ куэд зыІуту дзэуз зимыІэ.

- Пхъэх.

- Щабэрыкіуэ - мэз кІуэрей.

- Іэжьэ.

- Уафэм щыкъарэ-щыкъарэ, щІылъэм щыкъэрэгъул, хьэщыбанэгъэгъу, пхъэгъурыкІэщщІ.

- Ар дыгъуасэ Псыжь дыкъыщІэзэпрыкІым ди щхьэщІыбкІэ хэтщІэрыуэ къуэкІыпІэ жьапщэрщ.

- Мыхэр нэхъ гугъуу: Уэрпльмэ - гъуджэщ, уеджэмэ - дзгущ.

- Мыл.

- Ди гуэн цІыкІу лы изщ.

- Іэпхъуальэ.

- Бгырыпхьбгъуэ - лІыбгъуэ кІэщІ.

- Чей фэндрыр.

- Мыр щэ: Пщащхэм къащхьэщолъатэ, шырыр епхъуатэри - мэльэтэж.

ЩІалэр, къэуІэбжьауэ Миншакъ Іуплъэри, нэщхъейуэ епльыхащ. ИгукІэ: «СощІэ, ари. Кърым къашыргъэжьыращ», жиІэурэ.

Ашабэм зыхищІат Мэрем и гупсысэр пІейтейуэ здэжар. ЩІалэм иджы игу щІэгъуат Миншакъ, ауэ нэгъуэщІ кьуажэхэм ящыныгэ пэт, шууиплІ къакІуэу я ешльэгъуащ. Лыр зэгуэпауэ:

- Уа, вэсэмахуи шу, дыгъуаси шу, ноби... мы шу зэхэзекІуэ кІэухьнышэхэр щхьэ щІэмычэу къытІущІэн хуейт?.. Шыр адыгэкъым... Ар зи пыІэ щыгу, ар зи уанэгу исыкІэ... Хьэуэ, адыгэкъым. Догуэт, сыкъэмыпцІэмэ, зыр абрэджщ - Мамсыр Нэкъарщ. Догуэт... Хьэуэ. КъысфащІа си гугъэщ.

- Миншакъ, а дэ дыздэкІуэн къимыкІыжу пІэрэ мохэр?

- Ардыдэрэ къэхъунущ. Ауэ сыщымыуэмэ, мо еплІанэр адыгэщ...

IX

КЪАЛМЫКЪЫМ ежьа къэбэрдей шууитхур гъэзгу тетщ. Шу къэс щхьэж и дохьутей и щІыбырыхьщ, и бжьыкІ - и шы джабэщ. Дэтхэнэми и бгырыпІыкІ къамэр сэшхуэрэ.

Къуэкіыпіэ жьапщэр уащхъуэдэмыщхъуэу къыкъуоурэ, пшахъуэ къущ щхъыщхъыр жьыхъарэзым сабаеу эзщІеІэтэ. Удз тежьыкІыжамрэ чыцэ гъуркІымрэ я мылыф щар пшахъуэ сабэ гуэрэным хиужьэхъэжурэ жьыпэум зехъу-зелъ. ЖьыпхъэнкІауэм къызыІэпиплъхьыж хьуахуэ зэщІолъыр щхъэм Іуву къатохэ. Пшахъуэ борэн зи щІыпІьагъу шыхэр зэпеуэу мэпырхь, мэпапщэ - лъэныкъуэрэ еІэурэ - зэм хощыщыкІ, зэми я пэщхъыр яґъаджэ.

- ІэмпІэкэр фубыди, хьурейуэ фыкъызэхэувэ, - къопсалъэ гупым я шупапщ Быж ЛІыгъур. - Мыр жьапщэщхьэрыуэщ, борэнэпщкъым, къызэрыкъуэуам ещхьыпсу зилъэхъжьнущ.

ЛІыгъур зэрыжиІам хуэдэу, жьапщэр щІэх дыдэ теужри, борэн хъуэпсар, щІыщхьэм зытриуэхуэдиеурэ, икІуэтыжьпащ. Дэмдей зиутхьпщІыжьэрэ, ПІыгъур йоупщІ:

- ЖьпІар зэхихауэ пІэрэт, тхьэмадэ? Жьапщэрэ пэт, плъагъуркъэ, зыгуэр зэхещІыкІ...

- ШейтІаным ещхьу къытщхьэщыгъуэгъуам и зэхэщІыкІэр жьыжь нэсынкъым зыш, - Къашыргъэ гъуКІэм, и пыІэ хъурыфэр иутхьипщІыжьэрэ, лъэгуажьэгъэм треупІэрэ, зиплъыхьурэ щІоупщІэ: - Сыщымыузэ, Астрахьанэм мо лъэныкъуэрэ здэщыІэр...

- Зэгуэр, ди адэшхуэхэм я зэманыгъуэм, абыкІэщ здэщыІар, иджыпсту - сщІэрыкъым... - гушыІэ хуэдэурэ мэхъурджжауэ Дэмдей.

- Дапщэрэ ар зэрыбжесІэнур - мы си бзэгупэм утемысыну! - Къашыргъэ и къамышы дакъэр уадауэм тришащІэ нэпцІ зещІ: - Банэхэсэр Ерусаламрэ зэкІэ тхуэзэгъэкІ, хьэдрыкъэ щыІэхэр къащІэплъэфыжу, щыхьэт нэпцІ къытхуумыщІыми. Дызэрыт лъэхъэнэмрэ дипхъу астрахъаныпщым зэрищхьэгъэсуэмрэ тщыгъупщакъым иджыри!

ЗэныбжьэгъуитІым аргуэру зызэрызэраупсеям гу лъетэри, Быж ЛІыгъур:

- ФыувыІэжьт! Псы къэдгъэлъэхъуи нэхъыфІщ а жьыфІэхэм зэрыкІ. Дыгуасэ лъандэрэ шыхэм псы яІухуакъым. Елэн, уэ уняхъ нэжанщ, модэ, къысфІэщІу пІэрэ... Чэруанаеі1уэхэр здекІуэкІыр... Махъышэхэр абыкІэ щхъуэр, дауи, Іуащхьэ лъапэм псы щыІэщи арщ.

- Ущыуэркъым, тхьэмадэ, - къопсалъэ Къэбэрд, нэхъыжьым жьыхуІэмкІэ пІъэурэ, - мес, махъышэхэр псы кхъуафэм бгъэдэтщ.

- ГъэщІагъэнкъэ... хэту пІэрэ а псы-къуейр зейр?

- Бжесіэнщ ар зейр! Ар зейр..., - зэкІэлъигъэпІащІэу гушыІэну иришэжьат Дэмдей, арщхьэкІэ и ныбжьэгъум щыІупІъэм, зэуэ зыкъызэрыдзэкІыжри: - Сэр дыдэми сщІэну сыхуейт ар зейр - къалмыкъ, тэтэр хьэмэрэ къэзакъ?

- Хэт и къэзакъ? Дэнэ кІуэнкІэ къэзакъ! - Быж ЛІыгъур ткІийуэ Дэмдей хуиІъри зригъэущхэхуар, арщхьэкІэ езыр-езырэ хэгупсысыжьыжри, губжьбамПІэ щІэлъу: хьэуэ, тэн къэзакъэр ди къэбэрдей щІыпІэм къыщыщІидзэтэкъэ, «тэрч къэзакъ» зыфащыщхурэ! Емынэ зэрыхьэ... Апхуэдэххэуэр Къэбэрдейм щІы ІэгупІэ къыхуэнэжьнкъым, тедзэщ-къэзакъэм зыкІэщІимыбыдауэ!

(Къыкіэлъыкіуэнуц).

** 1557 гъэм Къэбэрдей ЦІыкІур (Джьлахъстэнэй) Иван IV зи пащтыхь Урысейм гухьащ, Идар Темрыкъуэ итхъу Гъащэнэ (Марие) пащтыхьым щхьэгъусэу иратри. А благъагъэр къагъэсэбэпри, Темрыкъуэ и пІэужьи и Іыхьлъхэм ящыщ щІалэ зыбжани Урысейм Іэпхъэжащ, чристан диныр къащтэри, я цІи адэщІи, Черкасскэ уэнэцІкІэ зрагъэтхъыурэ, ихъьужащ. ПІащІыгъуэ зыбжанэкІэ Черкасскэхэр Урысейм хуэпажьащ къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр зэблахъуу. Абыхэм ящыщу: Михаил Темрюкович, Доманук Темрюкович, Мамстрюк Темрюкович, Борис Камбулатович, Василий Кардануковича, Яков Кундетович, Иван Борисович, Дмитрий Мамстрюкович, Михаил Яковлевич, Сунчалей Канлычевич, Михаил Алегуковича, Григорий Сунчалеевич, Алексей Михайлович, Муцал Сунчалеевич, Касбулат Муцалович, Александр Андреевич Черкасскэм.*

Тырку сутьтІанхэу: Сулейман, Баязэт, Ахьмэд III, Абдул-Хьэмид, Абдул-Хьэмэд сымэ хэт и анэр, хэти и анэшхуэр и щхьэгъусэр адыгэу щытахэщ. Кърым хъанхэм мызэ-мытІэу адыгэ щхьэгъусэхэр яІащ. Куржыпщ Вахтанг VI, къэжэр шаххэу Аббас I, Аббас II, хъалмыкъхэм Аюк сымэ я щхьэгъусэхэр щытахэр адыгэщ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

«Мадинэ» оперэм къикIуа гъуэгуанэр

Илъэс 50 ирокъу абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахьстэн и лъэIукIэ Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ адыгэбзэкIэ зэдатхауэ щыта «Мадинэ» япэ лъэпкъ оперэр зэрагъэувэрэ. Куэдым я хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр - адыгэ оперэ республикэм къыщыдзэгъэщыныр - кьехъулIауэ икIи нобэр кьыздэсым а лэжьыгъэм щIэупщIэ зэриIэр гуапэщ. Япэ дыдэу 1970 гъэм ягъэлъагъуа а лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ оперэм и тхыдэм щIэдзапIэ дахэ хуэхъуащ. Абы партие нэхъыщхьэхэр щагъэззэщащ. Бзэгъэтыжь Светланэ, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Пашэ Ахьмэд, Бэрэгъун Владимир сымэ.

50

«Мадинэ» япэ лъэпкъ оперэм хэт артист гуп. *1970 гъэ*

1946 ГЪЭМ унафэ кьащтащ адыгэ оперэ кьызэрагъэпэщыну икIи абы хагъэхьэнхэр Ленинград консерваторэм макъамэ гъуэджэм щыхуригъэджэну. Консерваторэм и ректорыр зи пашэ къэпщытакIуэ гуп щыщхьэуIум Налшык къакIуэри, макъамэм зэфIэкI щызиIэ щIалэгъуалэр зы мазэм кьыриубыдэу кьыхьахащ. Ленинград аджакIуэ ягъэкIуа гупым Къардэн Балэрэ яхэхуащ, сыту жыпIэмэ, курыт аджапIэм зэрыщIэс лъандэрэ абыхэм макъамэр я Iэпэгъуэ, школым щекIуэкI зэхьыхьэ, жыджэру зыкъыщагъэпсаныгъэрт. Къардэн Хьэсэн оркестрым хэтт, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм ещэфу зригъэсат. Балэ Мухьэдин Музыкэ школыр кьыухауэ 1937 гъэм Кенжэ кьуажэм езыр-езыру кьыщызэрагъэпэща духовой оркестрыми зыкъыщылъэпIагъуэрт. Гупым щыщ студентхэр макъамэ Iэмэпсымэхэм, оперэ уэрэдхэр Iэмэным, режиссёр, дирижёр, композитор, хормейстер IэщIагъэхэм хуэгъэджащ.

Республикэм кьагъэзэжа нэужь, абыхэм щыналъэм макъамэ гъуэджэм и лъабжьэр щагъэпIылъащ. Къардэн Хьэсэн и диплом лэжьыгъэ хуэхъуащ «В родном краю» симфониер. 1954-1957 гъэхэм ар КъБАССР-м Цыхубэ творчествомкIэ и унэм щылэжьащ, 1967-1971 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым и художественнэ унафэщIу, 1962-1968 гъэхэм КъБАССР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу щытащ. Iэжьыгъэ 400-м щIигъу симфониехэр, музыкэ спектаклхэмрэ уэрэдзэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и гимныр - и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. Балэм и лэжьыгъэхэр уэрэдзэмрэ романсхэмрэ - классикэу кьалъытэ. Иджыри консерваторэм щыщеджа илъэсхэм абы зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым гу кьыльатат. Ещанэ курсым щыщIэсым Мухьэдин и Iэдакъэ кьыщIэкIа лIыхъужь уэрэдхэр, романсхэр, хормейстер зыщIыгъу хорым папщIэ итха лэжьыгъэхэр ягъэзащIэрт. Балэ Мухьэдин макъамэ щIигъуэващ КIыщокъуэ Алим и псальхэр щIэлъэ. «В память поэту» уэрэдым.

Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм кьытращIыкIыу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» оперэр япэу зэрагъэлъагъэуэ илъэс 45-рэ дэкIуэу, 2015 гъэм Налшык и Музыкэ хэрал театрым утыку кьыщрахьэжащ. Ар зыгъэувар КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дабагъуэ Романщ, дирижёр УФ-м щIыхь зиIэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбийщ, КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ПащIэ Рамедщ балетмейстерыр. Партиехэр ягъэзэщIащ Кьэзыдыкъокъуэ Роксанэ (Мадинэ), Мэкъуауэ Астемыр (Заур), УФ-м щIыхь зиIэ и артист Батыр Мухьэдин (Умар), КъБР-м и щIыхьэ артистэ Бесчокъуэ Майе (Дисэ), Бозий Зураб (Кьасым), КъБР-м и цIыхубэ артист Кьуныжь Алим (Джэрий), Дэгу Каринэ (Палинэ), шыхъуэм и ролыр зыгъэзэщIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мэрщэнкъуэ Iэдэм сымэщ. Апхуэдэу оперэм хэтащ театрым и хорымрэ балетымрэ. Зэуэ кьыхэзгъэщынт артистхэм я ролхэр фIыуэ кьаззэрехъулIар. Гухэхъуэт оперэ уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэхэу Батыр Мухьэдинрэ Бесчокъуэ Майерэ я макъым ущIэдэIынырэ. Абыхэм я макъ гуакIуэмкIэ зэхэщIыкIыгъуэу зэхуэсахэм я дежи нахьэсащ оперэм кьыщыхъу Iуэхугъуэхэр. Абы кьыдэкIуэуи кьыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэри я фащэкIэ екIуу, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщауэ утыку зэритар. Адыгэ пащащэхэр я теплъэкIэ, дуней тетыкIэкIэ нэгъуэщIхэм зэрефIэкIыу кьалъытэхэм ящыщщ тIууэ еухэзнэха я щхьэцыгъуэ кIыхьыр, лъэпкъ фащэр, бгы псыгъуэр, хьэл-щэн дахэр. Ахэр екIуу ядэплъагъут Мадинэрэ Палинэрэ я ролхэр зыгъэзэщIа Къуэщыслъ-къуэ Роксанэрэ Дэгу Каринэрэ.

Адыгэ литературэм и классик Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм фIыуэ щыгъуэзэжм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым иужьрейуэ лэжьыгъэр щагъэувым тхыгъэм и сюжетыр зэрахъуэжам. Адыгэ цIыхубэм и насып зэфIэгъэвэну, и щхьэ и унафэ ищIыжыну хуимыту, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ пащащэм и лъагъуныгъэм елъэпауэу мыльку кIэ ящэу Щоджэнщыкlым ди пащхьэ кIэрилъхьамэ, зэманым зэрыхихъуэжам хуэдэу, иджы оперэм щыдгъэгъащ Мадинэрэ Палинэрэ я ролхэр зыгъэзэщIа Къуэщыслъ-къуэ Роксанэрэ Дэгу Каринэрэ.

Адыгэ литературэм и классик Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм фIыуэ щыгъуэзэжм гу лъамытэнкIэ Iэмал иIэкъым иужьрейуэ лэжьыгъэр щагъэувым тхыгъэм и сюжетыр зэрахъуэжам. Адыгэ цIыхубэм и насып зэфIэгъэвэну, и щхьэ и унафэ ищIыжыну хуимыту, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ пащащэм и лъагъуныгъэм елъэпауэу мыльку кIэ ящэу Щоджэнщыкlым ди пащхьэ кIэрилъхьамэ, зэманым зэрыхихъуэжам хуэдэу, иджы оперэм щыдгъэгъащ Мадинэрэ Палинэрэ я ролхэр зыгъэзэщIа Къуэщыслъ-къуэ Роксанэрэ Дэгу Каринэрэ.

Республикэм кьагъэзэжа нэужь, абыхэм щыналъэм макъамэ гъуэджэм и лъабжьэр щагъэпIылъащ. Къардэн Хьэсэн и диплом лэжьыгъэ хуэхъуащ «В родном краю» симфониер. 1954-1957 гъэхэм ар КъБАССР-м Цыхубэ творчествомкIэ и унэм щылэжьащ, 1967-1971 гъэхэм Кьэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым и художественнэ унафэщIу, 1962-1968 гъэхэм КъБАССР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу щытащ. Iэжьыгъэ 400-м щIигъу симфониехэр, музыкэ спектаклхэмрэ уэрэдзэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и гимныр - и Iэдакъэ кьыщIэкIащ. Балэм и лэжьыгъэхэр уэрэдзэмрэ романсхэмрэ - классикэу кьалъытэ. Иджыри консерваторэм щыщеджа илъэсхэм абы зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым гу кьыльатат. Ещанэ курсым щыщIэсым Мухьэдин и Iэдакъэ кьыщIэкIа лIыхъужь уэрэдхэр, романсхэр, хормейстер зыщIыгъу хорым папщIэ итха лэжьыгъэхэр ягъэзащIэрт. Балэ Мухьэдин макъамэ щIигъуэващ КIыщокъуэ Алим и псальхэр «В память поэту» уэрэдым.

Щоджэнщыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм кьытращIыкIыу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» оперэр япэу зэрагъэлъагъэуэ илъэс 45-рэ дэкIуэу, 2015 гъэм Налшык и Музыкэ хэрал театрым утыку кьыщрахьэжащ. Ар зыгъэувар КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дабагъуэ Романщ, дирижёр УФ-м щIыхь зиIэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбийщ, КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ПащIэ Рамедщ балетмейстерыр. Партиехэр ягъэзэщIащ Кьэзыдыкъокъуэ Роксанэ (Мадинэ), Мэкъуауэ Астемыр (Заур), УФ-м щIыхь зиIэ и артист Батыр Мухьэдин (Умар), КъБР-м и щIыхьэ артистэ Бесчокъуэ Майе (Дисэ), Бозий Зураб (Кьасым), зэпеуэм и ЩIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ. Гъуэджэр фIыуэ зыльгъагъуэ республикэм и дзтхэнэри абы щыгуфIыкIащ. ГъэщIэгъуэныратхкъэ, район, кьуажэ пхыдзахэм щыпсэуэхэм щыщ кьакIуэуэрэ еплъат абы. Ноби си щIыхьхэм хэтщ дызыгъэгушхуауэ, ди пщIэр зыIэтауэ щыта а лэжьыгъэр.

КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, Музыкэ театрым и уэрэджьакIуэ цIэрыIуэ, Мадинэ и анэу оперэм щыджэгуа (2015) Бесчокъуэ Майе:

- Пэжщ, нэхъапэIуэкIэ а оперэр щагъэувам Мадинэ сыхэтащ. Нэгъабэ ар щIэрыщIэу утыку кьыщитхьэм, Мадинэ и анэм и ролыр зэгъэзэщIащ, си макъэр кьыдэгъэкIыжащ. Тхыгъэм щыгъуэзэхэм ящIэ ар гуузу зэриуир. Иужьрей зэманым режиссёрэм я Iуэху еплъыкIэхэр я лэжьыгъэхэм зэрыхалъхьэр кьыгъэсебэпри, апхуэдэу зэриухуэкIащ, цIыхубэм ар кьаззэрыщыIыхунум, абы кьыззэрыпэджжьыхунм еплъыну. Сыт хуэдэ щIэми хуэдэу, язынныкъуэхэм а лъэбакъуэр, дауи, ягу ирамыхьыкIэ зэрыхъунур ремиссёрым кьилъытагъэнщ, ауэ ар кьыдэзыIыгъынухэри зэрыщIэнур арагъэнщ Iуэхум тезыгъэгушхуар. Дыщыгугъынщ кьирихьэлIахэм ди лэжьыгъэр ягу дыхьауэ.

Оперэм еплъа Сидакъ зэщхьэгъусэхэу Iэдэмрэ Евгениерэ:

- Илъэс 50 и пэкIэ япэ дыдэу «Мадинэ» оперэр щагъэувам деплъыну кьыхуихуащ. Пэжыр жьIтIэнщи, ар кьэ диту дыхьауэ зыгъэтащ. Хэт ищIэрэ, абы щыгъуэм щIалэгъуэр текIуауэ кьыщIэкIынщ. Иджырейри дигу ирихьащ, щIэблэщIэм щхьэкIи дыгуфIащ. Ауэ ящэрем, Щоджэнщыкlу Алий и тхыгъэм тету ящIам, пэтщIын щIэныкъуэ. «Мадинэ» поэмэр зыхэттIыхь щымыIэу дызэрыщIыкIырэ дигу дыхьэу деджэу дыкъэхъащи, сюжетым щыгъэмыкIам нэхъ къэтщтэну.

КъуэлIуфэхэ Алёнэрэ Маринэрэ:

- Мадинэ и ролыр зыгъэзэщIа Къуэщыслъ-къуэ Роксанэ дриишпхъущ. Оперэм дигу хьыкъу деплъащ, Пэжыкъыгъэр дигу нэсащ, уеблэмэ ди нэпс кьриГъэкIуащ. Артистхэми я ролхэр кьехъулIауэ, пылъхэнщэу джэгуауэ кьыдолIытэр. И чэзу дыдэу оперэр утыку кьыраха. Нобэ зи пщIэр ехуэж адыгэбзэм зэрыльэпхъыкIыу дызэкъуэуэ дытелажьэн хуейщ. Дэтхэнэ зы адыгэри адыгэбзэкIэ дыгупсысэу, дыпсалъэу дунейм дытетыну ди щIалэнщ. Оперэр зыгъэпсыкIуэ куэдым яIэкъым. Ар къэтлъытэу ныпым хуэдэу тIэтын хуейщ. Щоджэнщыкlу Алий и тхыгъэм и сюжетым кьыззэрытекIам и гугъу пщIымэ, ар нобэрей гъащIэм нэхъ къеззэгъу къэтлъытащ. ГъащIэр зэрыгугъум кьыхэкIыу я гур кьызэуэ, еудыхауэ мэпсэу, гуаузэ, гузэвэгъуэ куэдыр кьатохьэлъэ. Араущи, Мадинэ тхьэмыщкIэм и насып текIуауэ оперэр зэрыухар гухэхъуэщ. Мадинэ «насыпыфIэ щыхьужакIэ» дэри зыдузэщIыну Тхьэм жиIэ!

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Иджыри куэдкIэ дыщогугъ

● Бэнэкlэ хунт

Урыш Анзор

Бэнэкlэ хуитымкIэ ди къэралым щынэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ Урыш Анзор. Ар Урысей Федерацэми Европэми мызэмытIэу я чемпион хъуащ, Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм 2012 гъэм хэтащ. КъищынэмыщIауэ, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэ инхэр щиIащ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастерщ, къэралым и командэ къыхэхам 2009-м щыщIэдзауэ ираджэ.

1987 ГЪЭМ щIышлэм и 27-м Анзор къыщалъхуащ Псыхъурей адыгэ къуажэжьым. Бэнэным хэзыгъэгъуа и апэ тренерыр щытари и адэ, спортымкIэ мастер Урыш Суiэдинщ. Абы и нэIэ щIэтущ екъулIэныгъэ инхэм хуэзышэ гъэзгу бгъуфIэм икIи кIыхьым зэрытехьар, текIуэныгъэхэм я Iэфlагъ нэсри япэу кьыззэрищIар.

Анзор псынщIэу спортым хэзэгъащ икIи цIэрыIуэ щыхъуащ. АбыкIэ сэбэп хъуащ щIыналъэ, къэралпсо утыкухэм щIалэ дыдэу и лъэр зэрыщIагъэбыдамрэ гукъыльатэу Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам пасэу зэрыраджамрэ. ЖылпIэну ирикъунщ 2004 гъэм ар ныбжьыщIэхэм я деж Европэ и чемпион зэрыкъуар, илъэсищ дэкIа иужькIэ дунейпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм дыжьын медаль кьызэрыщихьар.

Адэкlэ Урышыр хагъэхьащ «Гладиатор» гупым икIи Тембот Анзоррэ Миндиашвили Дмитрийрэ япэщIэхуащ. Ар абы и дежкIэ лъагапIэщIэт икIи и Iззагъым щыхигъэхъуа лъэхъэнэ тельыджэщ.

Балигъэкъм яхьыха иужькIи Анзор и екъулIэныгъэхэм кудрэ пигъэплъакъым. Ираным и кьалащхьэ Тегеран 2009 гъэм абы фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту Дунейпсо кубокым ехьэлIа зэпеуэм жэз медалыр кьыщихьащ. Арщхьэкlэ Урышым и апэ текIуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр кьыкIэлъыкIуэ илъэсращ зыхуэзащ.

Азербайджаным и кьалащхьэ Баку 2010 гъэм мэлыжьхьыым и 13-18 махуэхэм щекIуэкIа Европэм и чемпионатыр адыгэхэм хуабжу тхуэгъурлащ, - бэнакIуэ гъуэзэджэхэу Махуэ Билал, Урыш Анзор (тIури бэнэкIэ хуитымкIэ), Хъущ Аслъэнбэч (алыдж-урым бэнэкIэмкIэ) сымэ зыхэта хьэлъагъэхэм апэ увыпIэхэр щаубыдащ. Хьэлэмэтраци, Баку щекIуэкIа Европэм и чемпионатым гуп пашэныгъэр щызыIэрызыгъэхьа Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам дыщэ медалу 4 абы кьыщихьати, 3-р зыльысаар ди лъэпкъэгъуэхэрат. Адыгэ бэнакIуэхэр 2010 гъэм Европэм и чемпион хъуа къудейкъым, атIэ наIуэу кьагъэлъэгъащ я къэхрэгъэрэгъуэм нэхъри кудкIэ зэрыпэхъ лъащIыр.

И ныкъэхъуэгъуэхэр «имыгъэбауэ» дыщэ медалыр Баку кьыщихьащ Урыш Анзор. Япэ дыдэу апхуэдэ зэпеуэхэм хэхуа пэтми, килограмм 84-рэ зи хьэлъагъэм я гупым абы телъыджэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Финалым и 1/8-нэ Iыхьэм ар Италием и лIыкIуэ Фасугбай Антони 6:0-у щытекIуащ. КIыкIэлъыкIуэу хигъащIащ алыдж Криаридис Григориосрэ (9:0) болгар Ганев Михаилрэ (2:0) икIи лъэ быдзкIэ финалым нэсащ. Анзор абы кьыщыпэщIэтащ Азербайджан бэнакIуэ лъэщ Шарифов Шариф.

Хэгъэрейхэм уатекIуэну зэрымытыншыр гурыIуэгъуащ, ауэ ди щIалэм апхуэдэ лIыгъэ кьакъуэкIащ. ЩIэупщIэжьи лъэпкъ кьыхэмыкIыу Шафировыр хигъащIэри, ар чемпион хъуащ.

Мыгувэу, мэкъуауэгъуэм (июньм) и 27-м Волгоград щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Абыи екъулIэныгъэ щызэригъэгъуэтащ Урыш Анзор.

Мазитl и пэкIэ Европэм и чемпион хъуа ди щIалэм, дауи, гугъут къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэм тэмэму икIи елIалIэу зыхуигъэхьэзырыну. Арщхьэкlэ абы ар кьеъулIащ, ауэ зы мащIэ дыдэкIэ и кIэн кьикIакъым. КIэух зэIуцIэм Урышыр щыхуэзащ 2009 гъэм Европэм и чемпион хъуа осетин щIалэ Кцоев Сослъэн. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэдэ хъуащ икIи финалым и апэ, етIуанэ Iыхьэмэ текIуар судьяхэм яхузэхэгъэкIакъым. Апхуэдэу щыхъум, пхъэидзэкIэ нэхъыфIыр кьалъытащ. Зи насып кьиклар Осетие Ищхьэрэ-Аланием и лIыкIуэращ.

Пхъэидзэкlэ кьэралым и чемпионыгъэр зэрыфIаха-вам Урыш Анзор и лъэр щIигъэхуакъым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсми ар Европэм щытекIуащ. Аргуэру килограмм 84-м нэс зи хьэлъагъэм я деж щыбэна адыгэ щIалэм и чемпионыгъэр нэмыщ щIыналъэм ехъулIэныгъэкIэ щихъумащ. Финалым нэсыхукIэ абы и хьэрхуэрэгъуэм зы балли яритакъым. ПащIэдзэ зэIуцIэм Урышым 2:0, 6:0-у щыхигъэщIащ Ирландием кьикIа Долли Алекс. Адэкlэ финалым и Iыхьэ плIанэм абы зы Iэмали иритакъым поляк Балавендер Мацей - 3:0, 4:0.

Финал ныкъуэр илъэс ипэкIэ екIуэкIам ещхь хъуащ. Абы Анзор хьэрхуэрэгъу аргуэру къыщыхъуащ Азербайджаным щыщ Шарифов Шариф. 2010 гъэми куэдэу, иджыри текIуар ди щIалэращ. Ауэ абы щыгъуэм Урышым Шарифовыр Баку щIэжу псынщIэ дыдэу хигъащIамэ, иджы лъэхъэнитIкIэ еныкъуэкъун хуей хъуащ. Ахэр 3:0, 1:0-у зэриухам Анзор и тепщэныгъэм зыми щэч кьытригъэхьакъым.

Хуабжу гуащIэу щытащ финалыр. Абы кьыщыпэщIэта куржы щIалэщIэ Марсагишвили Дато Межконтинентальнэ кубокыр кьэзыкIуа ехьэлIауэ 2010 гъэм и жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм Дагыстэным и Хасавюрт кьалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Урыш Анзор гугъу демыкьыщIу щыхигъэщIат. Абы ди бэнакIуэр игъэбелэрыгъауэ кьыщIэкIынущ икIи зэпеуэм и апэ лъэхъэнэр 1:4-уэ иригъэхащ. Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ, Анзор зызэтриубыдэжащ икIи 1:0-у текIуащ. Иджы псори щызэзэкIынур ещанэ лъэхъэнэр. Ари Урышым щIагъэуэ кьыщIидзэкъым икIи 1:3-уэ иригъэхъ хъуащ. ХэкIыпIэ щыIэжтэкъым, кьэнэжа зэман мащIэм Анзор ерыщу икIи лъэщу ебгъэрыкIуащ икIи баллитIыр куржы щIалэм хуэфIыхьжащ - 3:3! Апхуэдэу зэпэщIэтыныгъэр иухати, иужьу зэIуцIэм екъулIэныгъэ щызиIэ Урыш Анзор, бэнэкIэ хабзэм ипкъ иткIэ, текIуауэ кьалъытащ икIи Европэм и чемпион зэрыхъуам щыхьэт техъуэ дыщэ медалыр кьратащ.

2010 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп Джугухэм хэтыну и наклоныр кьыкIащ Европэм тIэунейрэ и чемпион Урыш Анзор. Ар а лъэхъэнэм и хьэлъагъэм я деж щыхъэ лъащIыр и хьэлъагъэм я деж щыхъэ лъащIыр икIи куэдым хуагъэфащэт олимп медаль нэхъыфI дыдэхэм Инджылызым и кьалащхьэм щыщIэбэныну.

Псори текIуэныгъэкIэ кьыпщыгугъынщи хуабжу жэуапльныгъэшхуэщ икIи зэпеуэм хэтхэм я деж кIэ Iуэхур тIуащIэу зыгъэхьэлъэщ. Апхуэдэуи кьэхьауащ. Килограмм 84-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм Урыш Анзор япэу кьыщыпэщIэхуащ Украинэм икIа Алдатов Ибрэхьим. Ди щIалэм зэхьэзэхуэр фIы дыдэу кьыщIидзащ икIи апэ Iыхьэм 3:0-у щытекIуащ. ЕтIуанэм и хьэрхуэрэгъуэ 3:4-уэ кьефIэкIами, ещанэм 4:1-уэ хигъащIэжри, финалым и Iыхьэ плIанэм кIуащ.

Адэкlэ Урышым ныкъэхъуэгъу кьыхуэхъуар бэнэныр лъэпкъ Iуэхуу щагъэува Ираным къикIа Лашгари Эшар Насерт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Анзор абы пэлъэщакъым икIи 0:3, 1:3-уэ кьыхигъащIри, Олимпиадэм медалышэу кьыщигъэнащ, езы Лашгари кьыкIэлъыкIуэм кьызэрыщытрадзам кьыхэхкIыу.

Спортым щIыхь зиIэ и мастер Урыш Анзор Лондон кьикIыжа иужькIи екъулIэныгъэ инхэр щиIащ Урысей Федерацэми, Европэми, дунейпсо зэпеуэхэми. Нобэми ар ящыщщ ди республикэми кьэралми я щIыхьыр лъагэу зыIэт бэнакIуэ илъэсищ ипэ дяпэкIи кудкIэ дыщогугъ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Гу зылъытапхъэ

Iэнатlэ минитху

И Iуэхутхьабзэхэр къагъэсэбэпу абыкIэ къыргъэхьхэр нэхъыбэ зэрыхъуам кьыхэкIыу, Урысейм и Пощтым и лэжьапIэ Iэнатlэхэр нэхъыбэ ещI. IуэхущапIэр хьэзырщ къэралым щылажьэ и кьудамэ псоми цIыху минитху кьыщIидзэну.

Нэхъыбэу лэжакIуэхэр Урысейм и Пощтым къыщылъыхъуэ Москва, Санкт-Петербург кьалэхэм, Кьэбэрдей-Балъкъэрым - операторхэмрэ почтальонхэмрэ. Лэжьапlэ зэрыутымкIэ тхылъ кьахуэзIуихынущ. Иджыпсту кьекIуэкI Iуэхухэм кьыхэкIыу зи лэжьапIэхэр пIалъэкIэ зэхуэщIахэми, ар ахъшэ хэхъуапIэ ящI хъунущ. ЛэжьакIуэхэм я пщI кьыдэхэнэри ахъшэ кьеIыхьамрэ пощт-кассэ терминалхэр кьагъэсэбэпу цIыхухэр зыхуей Iуэхутхьэбзэхэр яхуущIэнымрэщ.

Улахуэр и зэманым зэрыратынымкIэ, и Iэщlагъэм зэрыхурагъэджэнымкIэ, щылажьэ махуэхэр тэмэму зэтегъэуваУэ зэрыщытынымкIэ Урысейм и Пощт Iуэхущапlэр щэсапIэ йоувз. Зэпымыууэ ухуейми пIалъэкIэ нэхъ кьапщтэми уув хьунущ абы. УпщIэ зиIэхэр контактнэ центрым фIыпсалъэ мы телефонымкIэ (пщIэншэщ) : 8 800 200 28 84.

Iуэхущапlэм теухуауэ: «Урысейм и Пощт» АО-р - бжыгъэм тещIыхьа пощт-логистикэ компаниещ, цIыху нэхъыбэ дыдэ зыгъэлажьэ Iуэхущапlэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ, Iэнатlэкlэ къызэригъэпщэжр мин 350-м щIегъу. Стратегие Iэнатlэхэм хабжэ. Урысейм и Пощт щIыналъэ сетым къыщыщIыбыдэ УФ-м и щIыналъэ псоми щылажьэ хуэдизэ мин 42-рэ. ПощткIэ зэIэпах хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, ахъшэхэр, бжыгъэм тещIыхьа Iуэхутхьэбзэхэм электрон сатумкIи Iуэху зэфIегъэжI. Апхуэдэ Iуэхуу меларди 3,5-рэ илъэсым кьриубыдэу зэфIегъэжI Iуэхущапlэм.

БЛИЙ Даянэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и игъэзащIэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэныдэж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэхэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуэгъаз31 и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь краий, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

(12+)

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ; жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Щхьэщэмыщ Иэз** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэщlэкъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр II 5894 ●Тираж 2.099 ●Заказ №738